Kusarudzwa kweMwenga

Vanhu vakawanda vanorwara. Handikwanise kusvikira kune vese kamwe chete. Asi, teererai.

2 Ndiri kunyatsofara kuva pano zvakare, manheru ano, munzvimbo ino yakanaka, pakati peboka revanhu ava vakanaka. Zvino tanga tichipinda, kunze uko, nguva shoma yapfuura, vanhu vakamira kunze kumugwagwa vachiti vatadza kupinda. Ndikati, "Zvino, pamwe ndingakuwanirai nzvimbo." Vanga vasiri kuvabvumidza kuuya. Saka ndine urombo hatina nzvimbo yakakwana yavo. Vati kamuri yepazasi yakazara, zvakare. Uye tine urombo chaizvo nekuda kwazvo. Asi tiri kufara kuva pano, nekufara kuona boka rese revashumairi vakaisvonaka, vanamuzvinabhizimusi pano, nemi vamirirriri kubva kunzvimbo dzakasiyana dzenyika.

3 Ndava nemukana wakakura wekutaura pasvusvuro mangwanani ano, zvinova zvandinokoshesa zvikuru kuva kuremekedzwa kutaura pamberi pevanhu vakaisvonaka kudaro. Ndanga ndiri pachidzidzo chekuti: *Chikwande Hachingagare Nhaka NeGorosi*. Handina kuzoipedza. Uye yanga isiri mhosva ye—yehama. Vaedza kuti varidzi vepo vatirege tigare kwenguva yakawedzerwa, asi vangotadza kudaro. Ndinokutendai zvikuru nokuda kwazvo, Hama Demos. Zvakaisvonaka, zvikuru. Ndinoda kukutendai chose netsiye nyoro dzenyu, mumwe nemumwe. Asi havana kungotendera kuti tizviite. Saka tatongofanirwa kuti—kuti tivhare. Ndichaisimudzira, imwewo nguva, kuzoipedzisa: *Chikwande Hachingagare Nhaka NeGorosi*. Mazvinzwisisa here, imi vanga vari pano? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndinotarisira kuti panga paine zvakakwana kuitira kuti zvinzwisisike.

4 Zvino, ndinoziva, manheru ano, pane boka revanhu vane hurukuro, zvakare, saka handidi kuti ndikunonotsei zvekuti munozozvipotsa. Nokuti, ndinofunga kuti zvirokwazvo chaiva chinhu chinobatsira ku—kuvanhu vanotenda veChipentekosti, boka revanhu ratakaona umwe usiku huya. Boka rakaisvonaka revarume, nemhinduro dzakanakisa, dzakananga. Zvakaita kuti ndinyasonzwa zvakanaka, kuona izvozvo. Ndinovimba kuti Ishe vachariropafadza, manheru ano. Zvino ani zvake anotarisa, dai vakatenda. Ndiwo ungava munamato wangu wakaperera.

5 Uye zvapupu zvakawanda zviri kuuya, nhasi, kubva mutsamba uye nefoni, zvevakawanda vakapodzwa mumusangano uno. Ndafara zvikuru nokuda kwazvo. Izvo, zvinova, kuona vanhu vanorwara, ndizvo zvakaita seshumiro yangu.

6 Ini—ini ndauya pano kuti ndiparidze. Ini, munoziva, handisi muparidzi. Asi ini, neuyu, mutauro wangu wekuKentucky, "yake, handiye" ne—nemamwe mashoko ese aya, saka ha—handikwanise kutaura sewatingati muparidzi wechimanjemanje wanhasi. Ha—handingakwanise kutora nzvimbo iyoyo, nokuti ha—handina fundo.

7 Asi ndinofarira kuratidzira zvandinoziva pamusoro paRo, kune vamwe, kana kuti zvandinonzwa kuti ndinoziva pamusoro paRo, kune vamwe, kudzidza kwandakaRiita, zvaAri kwandiri. Iye ndiye hupenyu hwangu hwese, zvese zvandingambotarisira kuva, uye nekupfuurira kwazvo zvandakambofungidzira, kuti ndaizombova neshamwari, potse, panyika, pandaiva kakomana kadiki. Asi ndinotenda zvikuru nekuda kweshamwari huru nhasi uno.

8 Ini... [Imwe hama inoti, "Pane kunetseka zvishoma nekunzwa kumashure uko, Hama Branham. Swederai pedyo."—Mupepeti.] Oh, ndine urombo. Nda—ndakati sudurukei kubva pakananga pano, pane imwe nzvimbo, vadaro.

9 Zvino, kuti tinyatsopinda mushumiro, ngativhurei kuitira kuverenga Rugwaro. Ndi—ndinogara ndichifarira kuverenga Bhaibheri, nekuti IShoko raMwari. Ndinozvitenda. Uye ndinoRitenda kuti iShoko raMwari risingakundike. Uye zvino ndine Magwaro akati kuti akanyorwa pazasi pano, nezvimwe zvinyorwa zvandinoda kunongedza kwazviri, kwenguva shoma, zvichida maminitsi makumi mana nemashanu.

10 Uye zvadaro tichabuda nenguva kuti tiende kunoona boka riya rakaisvonaka zvakare manheru ano. Uye ndinovimba kuti Mwari vachaenderera mberi vachikuropafadzai kusvika kumagumo. Zvino ndinoziva zvamunofanira kuita. Uye ini ndinofanira kutyaira kuenda kuTuscon, zvakare, manheru ano, munoona, saka munogona kufungidzira. Kutyaira kwemaawa gumi.

11 Zvino ndiri kuenda mhiri kwemakungwa, saka ndinofanira kubaiwa jekiseni reyellow fever mangwanani kuhurumende. Saka ndi—ndinofanirwa kusvika ikoko. Ndakanga ndaswededza mberi hurongwa hwacho, rimwe zuva, uye havasi kuzotora "kwete" semhinduro zvakare zvino. Uye ndine rimwe retetanus netyphus ekutora, nemabooster angu.

12 Saka, ndinotenda zvikuru nekuda kwemukana uno, ne—nemusangano uno wakaisvonaka watakava nawo tisati tava nekonivhenisheni. Wakanyatsa kufadza moyo wangu kwazvo. Muri boka revanhu vakaisvonaka. Ndinovimba kuti Mwari vachakuropafadzai.

13 Kana nguva huru ichinge...Chikara chikuru chakarara mhiri uko, chakazvipindurudza mhiri kuAlaska, mazuva mashoma apfuura, chakandidzira muswe wacho zvakare mangwanani ano, kungaita zvichida, zasi kwakapoteredza

Washington. Chinogona kunanga kuno, nyore-nyore. Zvino kana Mweya Mutsvene ukanditaurira zvirokwazvo . . .

14 Mumwe munhu anga ari kupindura . . . achindibvunza kuti, "Zviri kuzoitika kuno here, Hama Branham?" Kwete, handizvizive izvozvo. Handitongozivawo, kusvikira ndava kuziva. Ndicho chokwadi.

15 Ndinogara ndichida kuva ndakatendeseka kwamuri. Handisi kuzongofungidzira, kutora dzimwe pfungwa, kana zvimwe, zvandinotenda, kana chimwe chinhu chakadaro. Kana ndikakuudzai, zviri kuzoitika. Zvakanaka, iYe anofanira kundiudza, kutanga, zvino ndozokuudzai. Ndi—ndinoziva kuti nyika yese iri muchinhano chekuzunguzika. Tiri panguva yekuguma. Asi chinhu chimwe chete chandakaedza kuva . . .

16 Hama Shakarian vanga vachitaura mangwanani ano, kuti vaipinda sei nemumitsara yekunamata, vosvika zasi ikoko vounza makadhi aya emunamato vanhu vasati vauya kumberi, voatarisa, voona kuti—kuti zvandavaudza ndizvo here zvavanga vakanyora kunze uko. Vanonyora zvinhu zvakasiyana-siyana pamakadhi avo, munoziva, uye ivo vaingoda kuona kuti zvaiva izvozvo. Vakati, kubva mumazana avakatarisa, hapana kumbova nerimwe chete rakakanganiswa. [Hama Shakarian vanoti, "Hapana rimwe rakakanganiswa."—Mupepeti.] Hapasi kuzombova nerimwe chete rinokanganiswa, munoona, nekuti, chero—chero bedzi vari Mwari. Kana ndikazviratidzira pachangu mazviri, zvino zvatokanganisika ipapo chaipo kubva pakutanga.

17 Musikana mudiki ana baba vake vakagara, vachinditeerera zvino, auya kwandiri, nguva shoma yapfuura. Akarota hope. Akati, "Hama Branham, hope idzi dzinorevei?"

18 Ndikati, "Handizive, hanzvadzi. Ndinofanira kuona, kana Ishe vakandiudza." Saka ndakaenda mberi ndokuedza kubvunza Ishe, uye haVana kumbondiudza.

19 Musikana mudiki akadzoka zvakare. Akati, "Ko, zvino iripi dudziro yehope dzangu?"

20 Ndikati, "Huya pano, mudiwa, gara pasi." Ndikati, "Baba naamai vako ishamwari dzangu dzakaisvonaka. Waona? Uye vauya nzira yose kubva kuCanada, vakasiya basa, vakagara kuno neni. Vanotenda izvi, zvandiri kuedza kutaura. Uye handisati ndambotaura zvisizvo kunaani zvake, nebwoni, muhupenyu hwangu. Kana ini . . . Ndinofunga kuti ndinoziva zviri kurehwa nehope. Asi kusvikira ndaona hope dzacho pachangu, uye zvadaro Vondiudza zvadzinoreva, handigone kukuudza. Unoona, kana ndikangogadzira chimwe chinhu, panogona kuva nenguva yaunozondida iri pakati pehupenyu nerufu, zvino zvadaro hauzoziva kuti wonditenda here kana kuti kwete."

21 Kana ndikakuudzai chinhu chipi zvacho nemuZita raJehovha, zvirokwazvo ndizvozvo. NdiYe andiudza izvozvo. Zvino kusvika zvino, kwemakore ese aya, munyika yese, nekutenderera pasi rese, haRina kumbobvira rakanganisa nguva imwe chete zvayo. Nokuti . . . Uye, zvino, munoziva kuti munhu haangambogona kuva anotadza kukundika zvakadaro. Zvinotora Mweya waMwari kuita izvozvo.

22 Uye zvino ndine Mharidzo yandiine mungava kwairi. Uye nguva zhinji ndakafungidzirwa, pakati pevanhu, zvino, zvichida mumwe munhu asina kumbogara ndokufunga kweminiti imwe chete, kuti ndaiva mu—mu, oh, munhu akaipa, kuti handifarire vanhu, uye ndaigara ndichivatsiura. Zvino handizvo. Hazvisiri izvo. Ndinoda vanhu. Asi, munoziva, rudo runogadzirisa.

23 Dai mukomana wako mudiki anga akagara mumugwagwa kunze uko, zvino iwe woti, "Junior, mudiwa, handidi kuti uve kunze uko, asi . . . " Zvino motokari dzichimhanya nepaari, uye womuunza mukati. Iye omhanyira kunze zvakare. Handiti, unofanira kumugadzirisa. Kana uchimuda, uchadaro. Unofanira kudaro.

24 Kana ukaona murume achiyangarara achidzika nerwizi, akananga kumapopoma, mukaigwa kadiki, uchiziva kuti igwa iri riri kuzonyura kana rasvika pamapopoma, waizoti here, "John, iwe, pamwe unofanira kumbofunga kwechinguva, kuda haubudirire"? Kana ndichiziva kuti haasi kuzobudirira, ndiri kuzoita sekunge ndichamukwachura kubva muigwa irori, kana ndichigona, nokuti rudo rwunodaro.

25 Uye zvino, muMharidzo idzi dzandinotaura, handimboyedza kuunza imwe dzidziso, kana zvakadaro. Ndi—ndinoita izvozvo mukereke yangu. Asi kunze kuno pakati pevarume nemadzimai vemasangano akasiyana-siyana nepfungwa dzakasiyana, ndinongoedza kungotora chimiro chakapfava, ndotsanangura; asi zvakakwana zvekuti kana wakabarwa neMweya waMwari, ndinotenda kuti unonzwisisa zvandiri kureva, pakati pevarume Makristu, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, nemamwe zvawo.

26 Zvino, manheru ano, ndinoda kuvhura kuna Genesi, chitsauko 24. Ndinoda kuverenga . . . kutangira pandima 12 yechitsauko 24 chaGenesi.

> *Akati, O JEHOVHA Mwari . . . tenzi wangu Abrahama, Ndinokukumbirai, ndifambisei henyu zvakanaka nhasi, muitire tenzi wangu Abrahama ngoni.*
>
> *Tarirai, ndimire patsime remvura; vakunda vavanhu veguta vobuda kuzochera mvura:*
>
> *Zvino ngakuitwe kuti, musikana wandichati kwaari, Nditurirewo chirongo chako, ndakumbirawo, ndinwe; kana akati, Inwai henyu, namakamera enyu ndichaanwisawo: ngaave iye wamakatsaurira*

muranda wenyu Isaka; naizvozvo ndichaziva kuti makandiitirawo *ngoni* kune . . . *kuna tenzi wangu.*

27 Uye zvino muBhuku raZvakazarurwa. Ndiro rekutanga muBhaibheri, Genesi. Zvino, mune rekupedzesera remuBhaibheri, ndinoda kuverenga chitsauko 21 chaZvakazarurwa, uye ndima 9.

28 Tinoziva Gwaro iri raGenesi pano . . . Verengai chitsauko chacho chese, kana muchida. NdiMwari vari kutumira Eriezeri. Kana kuti, Abrahama ari kutumira Eriezeri, ruregerero, kundosarudza mwenga waIsaka. Zvino Rebheka tsvarakadenga akauya, uye semhinduro yakananga kumunamato wa—waEriezeri, muranda waAbrahama, waakanga achangonamata.

Zvino pandima 9 yachitsauko 21 chaZvakazarurwa.

Zvino mumwe wavatumwa vanomwe vakanga vaine ndiro nomwe dzizere nematambudziko manomwe okupedzisira akauya kwandiri, wakasvika akataura neni, achiti, Uya pano, zvino *ndigokuratidza mwenga, mukadzi weGwayana.*

29 Zvino ndinoda kutora semusoro wenyaya, manheru ano, kuna izvo: *Kusarudzwa KweMwenga*. Uye zvino iyi, kana hama yangu inorekhodha pano ikagona, iyi ndiyo tepi yamunogona kuenda mberi mobuditsa.

30 Uye zvino, mune izvi, hazvireve kuti ndiri kutaura izvi kuungano ino iri pano, asi matepi aya anoenda pasi rese. Anodudzirwa mune, chaizvoizvo, oh, mumitauro yakawanda, kunyange kusvika kunyika dzevahedheni pasi rese. Tinotumira matepi iwaya, pasina mubhadharo, pasosaiti yechechi. Zvino anodudzirwa. Uye kwese kupinda kumasango emuAfrica, nekuIndia, nekupoteredza nyika yese, kunoendwa nematepi iwaya.

Zvino, kusarudza Mwenga!

31 Muzvinhu zvakawanda muhupenyu tinopihwa sarudzo. Nzira yehupenyu, pachayo, isarudzo. Tine kodzero yekugadzira nzira yedu, kusarudza nzira yedu yatinoda kurarama.

32 Fundo isarudzo. Tinogona kusarudza kuti tichange takadzidza here, kana kuti tichange tisina kudzidza. Isarudzo yatiinayo.

33 Chakanaka nechakaipa isarudzo. Murume wese, nemukadzi wese, mukomana nemusikana, vanofanira kusarudza kuti vachayedza kurarama zvakanaka here kana kusararama zvakanaka. Isarudzo.

Sarudzo chinhu chikuru.

34 Nzvimbo yeZiendanakuenda rako isarudzo. Uye zvichida, manheru ano, vamwe venyu muchaita sarudzo iyoyo—iyoyo, yekwamuchava munaZiendanakuenda renyu, shumiro ino

isati yapera manheru ano. Pachava nenguva imwe chete, iyo, kana wakaramba Mwari kakawanda, pane imwe nguva yauchaVaramba kekupedzisira. Pane mutsara pakati penyasha nekutongwa. Zvino chinhu chine njodzi kuti murume kana mukadzi, mukomana kana musikana, apfuure muganhu iwoyo, nokuti hapana kudzoka kana wapfuurira muganhu iwoyo. Saka, manheru ano, inogona kuva nguva iyo vazhinji vachatora sarudzo yavo—yavo, kwavachanogara muna Ziendanakuenda isingaperi.

35 Pane imwe sarudzo yatinayo muhupenyu, inova, shamwari yepahupenyu. Mujaya kana mhandara, ari kubuda kupinda muhupenyu, aka—akapihwa kodzero yekuita sarudzo. Mujaya anosarudza. Musikana ane kodzero yekugamuchira kana kuiramba. Asi ichingori sarudzo, kumativi ese. Vese murume nemukadzi, vane kodzero yekuita sarudzo.

Zvakare, iwe une sarudzo, seMukristu.

36 Une sarudzo yekereke, muno muAmerica, pari zvino, yaunogona kuenda. Ikodzero yako wega yemuAmerica, kusarudza chero kereke yaungada kuva nhengo yayo. Isarudzo iyoyo. Hausungirwe kuenda kune ipi zvayo yadzo, kana usingade. Asi kana uchida kuchinja kubva kuMethodisti kuenda kuBaptisti, kana Katorike kuenda kuProtestanti, kana zvakadaro, hapana munhu anogona kukuudza kana kukuita kuti uuye kune imwe chechi. Ndirwo—ndirwo rusununguko rwedu. Ndizvo zviri gutsaruzhinji rwedu. Munhu wese anogona kuzvisarudzira. Rusununguko rwekunamata, uye ichocho chinhu chi—chikuru. Dai Mwari vatibatsira kuzvichengeta kwenguva refu sekukwanisa kwatinogona.

37 Unewo sarudzo zvakare. Ingava . . . Paunosarudza chechi ino, unogona kusarudza kana iwe, muchechi muno, kana uri kuzosarudza kereke ichakutungamira kuenda muna Ziendanakuenda rako. Unogona kusarudza imwe chechi ine chimwe chitendwa, chaunofunga kuti chitendwa ichi ndicho chaicho chaunoda. Kana kuti, imwe chechi ine chitendwa chayo.

38 Zvino zvadaro pane Shoko raMwari, rauine sarudzo yaro. Unofanira kuita sarudzo.

Pane murawu usina kunyorwa pakati pedu, wekusarudza.

39 Ndinotenda aiva Eria, imwe nguva, pamusoro peGomo reKameri, mushure memangange, panguva huru yekutambudzika yatave pedyo nekusvika pairi zvino. Zvichida, anogona kuva iwe kana ini, manheru ano, achaita sarudzo iyi, sechiitiko chepaGomo reKameri. Chaizvoizvo, zviri kutoitika, pasi rese, zvino. Asi nenguva isipi pachava nenguva yauchafanira kuita sarudzo.

40 Uye imi varume pano, vemachechi enyu emasangano, chingotendai izvi, kuti nguva iri pamuri chaipo, pamuchaita sarudzo. Muri kuzopinda muKanzuru yePasi pose, kana kuti

hamusi kuzova sangano zvakare. Muchatofanira kuita izvozvo, uye sarudzo iyoyo iri kuuya nenguva isipi.

41 Zvino chinhu chine njodzi kumirira kusvikira nguva iyoyo yekupedzisira, zvakare, nokuti unogona kutorana nechimwe chinhu chausingazogona kuzvibuditsa machiri. Munoziva, pane nguva yaunogona kuyambirwa, zvadaro, kana ukapfuurira muganhu iwoyo weyambiro, zvino watoiswa munembo kune rumwe rutivi, mucherechedzo.

42 Rangarirai, panouya gore rerusununguko, uye mu—muprisita otasva achiridza hwamanda yake, kuti nhapwa yese inogona kuenda yakasununguka. Asi kana vakaramba kugamuchira rusununguko rwavo, zvino vaifanira kuendeswa kutemberi, pabango, uye aiboorwa nzeve nemuwururo, uye zvadaro aizoshandira tenzi wake nguva dzose. Waiiswa panzeve yake semufananidzo, wekunzwa. "Kutenda kunouya nekunzwa." Akanzwa hwamanda, asi haana kuda kuiteerera.

43 Zvino nguva zhinji, varume nevakadzi vanonzwa Chokwadi chaMwari, voChiona chichisimbiswa nekuratidzirwa, Chokwadi, asi zvakadaro havadi kuChinzwa. Pane chimwe chikonzero. Vane imwe sarudzo yavainayo, pane kutarisana neChokwadi nezviripo, naizvozvo nzeve dzavo dzinogona kuvharika kuVhangeri. HavamboRinzwa zvakare. Zano rangu kwamuri, kana Mwari vakataura kuhana yako, iwe chibva wazviita ipapo chaipo.

44 Eria akavapa sarudzo, iyo yavanofanira: "Sarudzai nhasi uno uyo wamuchashumira. Kana Mwari vari Mwari, vashumirei. Asi kana Bhaari ari Mwari, mushumirei."

45 Zvino, patiri kuona kuti zvinhu zvese zvepanyama mufananidzo wezvinhu zvepamweya, sekufamba kwataita muchidzidzo chedu mangwanani ano, sezuva nemaitiro aro. Ndiro ranga riri Bhaibheri rangu rekutanga. Ndisati ndamboverenga peji imwe chete yemuBhaibheri, ndaiziva Mwari. Nekuti, Bhaibheri rakanyorwa kwese-kwese muzvisikwa, uye zvinonyatsoenderana neShoko raMwari: kuti kufa, kuvigwa, kumuka kwezvisikwa; zuva rinobuda, richipfuura, nekuvira, richifa, romuka zvakare. Pane zvakawanda kwazvo zvatinogona kufananidza, Mwari muzvisikwa, zvatinofanira kusiya, kuitira Mharidzo ino.

46 Zvino, kana zvemweya, kana, zvepanyama zviri mufananidzo wezvepamweya, zvadaro, kusarudzwa kwemwenga, panyama, mufananidzo wekusarudzwa kweMwenga, Mwenga, pamweya.

47 Zvino, chinhu chikuru kana tava kusarudza mudzimai, murume, nokuti mhiko pano ndeyokuti kusvika rufu rwatipatsanura. Ndizvo zvatinofanira kuichengetedza iri. Zvino unotora mhiko iyoyo pamberi paMwari, kuti rufu bedzi ndirwo rwuchakupatsanurai. Uye ndinofunga kuti

tinofanira . . . Murume ane pfungwa dzake dzakakwana, ari kugadzirira ramangwana, anofanira kusarudza mudzimai iyeye zvakanaka. Ngwarira zvauri kuita. Uyewo mukadzi ari kusarudza murume, kana ari kugamuchira sarudzo yemurume, anofanira kunyatsongwarira zvaari kuita, kunyanya mazuva ano. Murume anofanira kufunga nekunamata asati asarudza mudzimai.

48 Ndinofunga kuti, nhasi, zvaita kuti pave nenyaya dzekurambana dzakawanda, zvekuti tisu tiri kutungamira pasi rese muAmerica, panyaya dzekurambana. Tiri pamberi penyika yese. Tine kurambana kwakawanda kuno kupfuura kumwe kwese, nyika ino, uye inofanira kuva, pakutarisirwa, serudzi rweChikristu. Kushorwa kwakadini, matare edu ekurambana! Ndinofunga kuti, chikonzero chacho, ndechokuti varume vabva pana Mwari, uye madzimai vabva pana Mwari.

49 Uye tinoona, kuti, kana murume akanamata nemukadzi akanamata pamusoro penyaya yacho; kwete kungotarisa maziso akanaka, kana mapendekete mahombe akasimba, kana zvakadaro, kana zvimwe zvido zvemunyika; asi akatanga atarisa kuna Mwari, oti, "Mwari, hurongwa hweNyu here?"

50 Ndinofunga kuti, nhasi, pane kubiridzira kwakawanda, sezvakaita muchikoro. Vana pa—pavanouya, mangwanani, vana vazhinji vemunharaunda, ve—veshamwari dzangu, vanouya voti, "Hama Branham, mungatinamatirewo here? Tine bvu—bvunzo nhasi. Nda—ndakashanda usiku hwese, uye handisi kunzwa kunge ndinogona—ndinogona kubudirira. Ndinamatireiwo." Ndinofunga kuti mwana upi zvake wechikoro, kana uchida, dai . . . Uye vabereki vari patafura yamangwanani: unogona kuti, "Amai, John ane bvunzo nhasi. Ngatimunamatirei zvino." Ndinofunga kuti zvinokunda zvese zvaungagona kuita neimwewo nzira, kana kukopera bepa remumwe munhu uchibirira. Ndinofunga kuti ukangouya wonamatira nyaya yacho.

51 Zvino dai tainzvera zvatiri kuita patiri kupinda mumuchato, patinosarudza mudzimai wedu, murume wedu, dai taizvinzvera chose! Murume anofanira kunamata kwazvo, nokuti anogona kuvhiringidza hupenyu hwake hwese. Rangarirai, mhiko ndeyokuti "kusvikira rufu rwatipatsanura," zvino anogona kuzvikanganisira hupenyu hwake nekuita sarudzo isiri iyo. Asi kana achiziva izvo, achiita sarudzo isiyo uye achiroora mukadzi asiri iye asina kufanira kuva mudzimai wake, ongozviita zvakadaro, zvino imhosva yake. Kana mukadzi akatora murume achiziva kuti haana kufanira kuva murume kwauri, zvino imhosva yako, mushure mekunge waziva chakanaka nechakaipa. Saka, haufanire kuzviita kusvikira wanyatsonamata zvakakwana.

52 Zvimwe chetezvo nekusarudza chechi. Zvino, unofanira kunamata pamusoro pechechi yauri kupinda. Rangarirai, machechi anotakura mweya.

53 Zvino, handidi kuva mutsoropodzi. Asi ndinocherechedza kuti ndave murume akwegura, uye ndinofanira kubva pano, rimwe ramazuva. Zvino ndinofanira kupindurira paZuva reKutongwa pane zvandiri kutaura manheru ano kana imwewo nguva zvayo. Uye ini, naizvozvo, ndinofanira kuperera ndakagutsikana zvechokwadi.

54 Asi, ukapinda mune imwe chechi, kana ukatarisa mazvibatiro echechi iyoyo, chingotarisa mufudzi wacho kwechinguva, zvino kazhinji uchaona kuti chechi iyoyo inoita semufudzi. Dzimwe nguva, ndinombofunga kuti hatisi tinotambidzana mweya mumwe kune mumwe here panzvimbo peMweya Mutsvene. Unosvika panzvimbo iyo mufudzi wacho haanzwisise achingoenda zvakadaro, unoona kuti ungano yacho yakangodaro. Ndichakuunza kune imwe kereke iyo mufudzi wacho anosimuka, okandira musoro wavo kumashure nemberi. Tarisai ungano yacho, vanoita zvimwe chetezvo. Tora mufudzi, anongogamuchira zvese zvese, kazhinji chechi ichangoita zvimwe chetezvo. Saka, dai ndaisarudza chechi, ndaisarudza chechi yemazvirokwazvo, ine nheyo, dzeEvhangeri Yakazara, yeBhaibheri, dai ndiri kusarudza imwe yekuisa mhuri yangu mairi. Sarudza. Ndakatarisa . . .

55 Vakomana, rimwe zuva, mwanakomana waHama Shakarian nemukwasha wavo, vakandiendesa kumusoro kuno kundonamatira mumwe muchinda wechidiki, muimbi, mukomana akaisvonaka. Ndichangodzoka . . . Fred Barker, ndiro raiva zita rake, ndichangodzoka kubva parwendo. Zvino vakandifonera, kuti, “Fred akanga ari kufa.” Uye zvadaro, ndisati ndatombopinda mumba, rimwe shoko rakasvika, “Anogona kunge atofa iye zvino.” Uye akati akanga ava ne—nekurasikirwa neropa muuropi hwake, uye akanga aoma mitezo, zvino—zvino akanga ava kufa, zvino mudzimai wake aida kuti ndimunamatire.

56 Saka ndakafunga, “Oh, kana ndikaedza kubhururuka, anenge atofa ndisati ndasvika ikoko, uye anogona kunge atofa iye zvino.” Saka, ndakafona nekukurumidza ndokudana mudzimai mudiki uyu parunhare. Zvino—zvino takaita kuti foni ibatanidzwe, nenzeve yaFred. Aisagona kumedza. Vakatoisa chokumumedzesa. Zvino patakamunamatira, akataura, neruwoko, chibviswe kubva pahuro pake. Anga ava kugona kumedza. Vanachiremba havana kuzvitenda. Vakachibvisa, uye akanga ava kugona kumedza. Akanga akagara, rimwe zuva.

Chechi; kusarudza chechi.

57 Pane runhare ruchangobva kupinda, nguva pfupi yapfuura. Mangwanani ano, imwe nhengo yekereke yangu, anova

chaizvo izvo mudzimai wechiBaptisti anobva kuLouisville, afa runyanhiriri mangwanani ano. Zvino kereke yangu kumba, boka chairo revarume vakayereswa, vazviunganidza pamwe chete ndokudzika zasi ikoko, mutariri wezvitunha asati amuchengetedza, vamira pane mudzimai uyu, ndokunamata kusvikira hupenyu hwadzoka maari. Uye mupenyu, manheru ano. Vakuru vemukereke yangu, sei, vakadzidziswa kutenda kuti zvinhu zvese zvinogoneka, huya kuna Mwari wakaperera.

Saka, unofanira kuita sarudza kwayo.

58 Zvakare, mhando yemudzimai angasarudzwa nemurume, inoratidza vavariro dzake nehunhu hwake. Kana murume akasarudza mudzimai asiri iye, zvinoratidza hunhu hwake. Uye zvaanozvibatanidza nazvo, zvinonyatsa kuratidza zviri mumurume iyeye. Mudzimai anoratidza zviri mumurume kana achinge amusarudza kuva mudzimai wake. Zvinoratidza zviri pakadzika maari. Zvisinei kuti anotaura kuti kudini kunze, tarisai zvaakaroora.

59 Ndikaenda kuhofisi yemumwe murume, achiti Mukristu; mifananidzo yakanamatidzirwa kwese pamadziro, iya boogie-woogie yakare ichirira. Handina basa kuti anoti kudii. Handitendi chapupu chake, nekuti mweya wake uri kudya pane zvinhu izvozvo zvemunyika. Ko, toti, aizoroora musikana anoimba, kana kuti akaroora mambokadzi wekukwezva ruchiva, kanawo ricketta akanaka pameso, wechimanjemanje? Zvinoratidza. Zvinoratidza zvaainazvo mupfungwa dzake, pamusoro pezvichazova musha wake wamangwana, nokuti amutora kuti azorera vana vake naye. Zvino chero zvaari, ndiyo nzira iyo ari kuzokudza nayo vana ivavo. Saka, zvinoratidza zviri mumurume. Murume anotora mukadzi akadaro, zvinoratidza zvaari kufunga pamusoro peramangwana.

60 Ungambofunga Mukristu achiita chinhu chakaita saichocho? Kwete, changamire. Handaimbogona. Mukristu wechokwadi haambotsvake vakadzi vanoyevedza vakadaro, nevasikana vanoimba makorasi, navanamambokadzi vanokwezva ruchiva. Anotsvaga hunhu hweChikristu.

61 Zvino, haugone kuwana zvinhu zvese. Panogona kunge paine mumwe musikana akaisvonaka. Uye mumwe musikana, zvichida iye . . . chimiro chake chakanaka kupfuura mumwe uyu. Zvino unogona kusiya mumwe kuti utore mumwe wacho, asi, kana asiri muchimiro chemudzimai, chemukadzi. Zvino, iye . . . Handina basa kuti anoratidzika zvakanaka here kana kwete. Zviri nane utarise hunhu hwake, zvisinei kuti akanaka here kana kuti kwete.

62 Zvino, nokuti, zvakafanira, kuti kana Mukristu ari kuzosarudza mudzimai, anofanira kusarudza mukadzi chaiye, akaberekwa patsva, zvisinei kuti anoratidzika sei. Ndeizvo zvaari, zvinomugadzira. Uye zvadaro, zvakare, zvinoratidza

hunhu hwake pachake wehumwari, uye zvinoratidza zviri mupfungwa dzake nezvichazova ramangwana rake, kuti mhuri yake ikudzwe nemhando yemudzimai akadaro, kuitira gadziriro dzeramangwana remusha wake.

63 Kana akaroora mumwe wevanaricketta vadiki vechimanjemanje ava, vanamambokadzi vanokwezva ruchiva, angagotarisira chii? Musha werudzii ungagotarisirwa nemurume kuzova nawo? Kana akaroora musikana asina tsika dzakakwana kuti agare kumba agochengeta imba, uye achida kushanda muhofisi yemumwe munhu, imhandoyi yemuchengeti wemba yaachava? Uchava nevatariri vevana nezvimwe zvese. Ichokwadi.

64 Zvino, handinyanye kufarira zvechimanjemanje, zvevakadzi vanoshanda. Pandinoona vakadzi ava vachipfeka mayunifomu, vachitasva vachitenderera guta rino, pazvimidhudhudhu, semapurisa, chinhu chinonyadzisa kuguta ripi zvaro rinotendera mukadzi kuti adaro. Maona? Maona? Sezvo paine varume vakawanda vasina mabasa, zvinoratidza mafungiro echimanjemanje eguta redu. Zvinoratidza kuderera. Hatifanire kunge tiine vakadzi ivavo kunze ikoko saizvozvo. Havana chikonzero chekuva kunze ikoko saizvozvo.

65 Mwari pavakapa murume mudzimai, Vakamupa chinhu chakanakisa chaVaikwanisa kumupa, kunze kweruponeso. Asi mumwe paanoedza kutora nzvimbo yemurume, zvino anozova chinhu chakaipisisa chaanogona kumbova nacho. Zvino, ndizvozvo. Maona?

Zvino tinogona kuona pazvinopinda pamweya.

66 Ndi—ndinoziva kuti zvakaipa, munofunga kuti zvakaipa, asi iChokwadi. Hatina basa kuti zvakaipa sei, tinofanira kutarisana nezviripo. Ndizvo zvinodzidziswa neBhaibheri. Maona?

67 Zvino, tinoona pano zviri pachena hurongwa hwepamweya, hwekuronga kwaMwari kweMusha waVo unouya neMwenga waVo unouya, uri kupinda pakuonekwa zvino.

68 Kana munhu akaroora mambokadzi anokwezva ruchiva, munoona zvaari kutarisira munguva inouya. Kana murume akaroora mudzimai asingagare kumba, munoona zvaari kutarisira muna remangwana. Zvino ini imwe nguva . . .

69 Izvi hazvifadze kunzwa. Ndiri kungonzwa kuti ndizvitaure. Uye ini—ini, kazhinji, ndikanzwa kuti nditaure chimwe chinhu, ndinofanira kuchitaura. Uye kazhinji inzira yaMwari.

70 Nda—ndaisienda nemumwe sapurazi wemombe wandaishanda naye, kuenda kunotenga mombe. Zvino ndakacherechedza mutana wakare aigara achitarisa muchiso chemhou asati akwikwidza kuitenga. Zvino aitendeutsa musoro wayo, otarisa kumberi nekumashure. Ndakamutevera, ndichimutarisa. Ndokuitarisa kumusoro nekuzasi, kana

ichiratidzika zvakanaka, chimiro chayo. Zvadaro akatendeuka ndokuitarisa kumeso, uye dzimwe nguva aingodzungudza musoro wake ofamba achienda.

Ndikati, "Jeff, ndinoda kukubvunza chimwe chinhu."

Iye akati, "Taura hako, Bill."

71 Zvino ndakati, "Sei uchigara uchitarisa mombe iyi kumeso?" Ndikati, "Inoratidzika zvakanaka, mombe inorema zvakanaka—zvakanaka."

72 Akati, "Ndinoda kukuudza, mukomana, une zvakawanda zvekudzidza." Uye nda—ndakazviona mushure mekunge andiudza. Akati, "Handina basa kuti yakagadzirwa sei. Inogona kunge ine munyepfu, kusvika pazondo. Asi kana iine matarisiro akazhangandira aya muchiso chayo, usamboitenga."

Ndikati, "Neiko zvakadaro, Jeff?"

73 "Zvakanaka," akati, "chekutanga ndechokuti," akati, "haimbogara panzvimbo imwe chete." Uye akati, "Chinotevera ndechokuti, haimbofa yakava amai kumhuru yayo." Zvino ndokuti, "Vakaiisa mudanga iye zvino, ndokusaka yakakora. Ukangoibuditsa, nechiso chakazhangandira kudaro, inozvimhanyisa kusvika yafa."

74 Ndikati, "Unoziva, ndaita sekudzidza chimwe chinhu. Ndinotenda kuti zvinorevera kumadzimaiwo, zvakare." Ndizvo. Ndizvo.

75 Kuratidzika kwakazhangandira, kwekudzvokora, kwaricketta, zviri nane ugare kure naye, mukomana, zvese zviya zvinhu zveblue zviri pamusoro pemaziso ake. Zvino handina . . . Handingamboda izvozvo. Handifunge kuti zvakafanira kuMukristu. Handina basa kuti terevhizheni nebepa ringataura kuti zvakanaka sei. Chinhu chakaisvoipisisa, chinotyisa chandati ndamboona muhupenyu hwangu.

76 Pandakatanga kuona izvozvo, pano paClifton's Cafeteria, mamwe mangwanani, pakudya kwamangwanani. Ndakaona vamwe vevakadzi vechidiki ivavo achiuya. Hama Arganbright vanga vachangopinda, neni. Zvino vakadzika kunzvimbo yezasi. Zvino ndakatarisa, uye musikana uya ndokupinda. Ndakafunga, "Zvino, ini—ini—ini—ini handizive." Handisati ndambozviona. Yaiva imwe mhando. Oh, zvaiita sekunge akadyika nechirwere, munoziva, zvaingoratidzika zvisinganzwisisike. Handisi kutaura izvi kuti zvisekese. Ndiri—ndiri kuzvitaura. Munoziva, ndakamboona maperembudzi. Ndiri mumishinari. Ndakaona zvinhu zvakasiyana-siyana zvinotyisa, munoziva, zvinokonzerwa nezvirwere. Zvino ndanga ndiri kuzofamba kuenda kune mukadzi uyu wechidiki ndomuudza kuti, "Ini—ini—ini ndiri mushumairi. Ndi—ndinonamatira vanorwara. Ungada—ungada kuti ndikunamatire here?" Zvino ndanga ndisati ndamboona chinhu chakadaro. Uye zvadaro, hapo

kwakauya vamwezve vaviri kana vatatu, imomo. Ndakaita sekudududza zvino ndokumirira.

77 Zvino Hama Arganbright vakauya ipapo, saka ndikati, "Hama Arganbright?" Vanogona kunge vari pano. Ndikati, "Idambudziko reiko rine mukadzi uyo?" Maona?

Zvino vakati, "Iyo, ipendi iyo."

78 Ndikati, "Maiwe, ini zvangu, ini zvangu!" Maona? Ndakafunga kuti vaifanira kunge vakamuisa mune imba yezvirwere kune imwe nzvimbo, munoziva, kuitira kuti zvisazare pane mamwe madzimai.

79 Asi, munoziva, unofanira kuronga, kutarisa, kunamata, paunenge uchisarudza. Nokuti, tinoona, neizvi, Shoko revimbiso. Iye, mwenga achazosarudzwa nemurume, ari kuzoratidza hunhu hwemurume. Zvinoratidza zviri maari.

80 Zvino, ungafungidzira here murume, akazadzwa neMweya Mutsvene, achitora chinhu chakaita saichocho kuzova mudzimai wake? [Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti.] Ini—ini—ini handingokwanise kuzviona, hama. Zvino, kuda ndingori mupengereki wakare. Asi, munoziva, ha—handingokwanise kuzvinzwisisa, munoona, cherechedza, nokuti zviri kuzoratidza zviri maari. Mudzimai ari kuzomubatsira kuumba musha wake uri kuuya.

81 Zvino, zvadaro, kana tikashandura zvino kwechinguvana, kudivi repamweya. Zvino kana ukaona kereke iri munyika, ichiita senyika, ichitarisira mune zvenyika, ichibatana nezvenyika, ichiita sekunge Mirairo yaMwari haVana kumbobvira vaInyora, zvino u—unogona kungofungidzira kuti Kristu haasi kuzotora Mwenga wakadaro. Ungafungidzira here kutora kereke yechimanjemanje yanhasi kuva Mwenga? Kwete Ishe wangu. Handidaro . . . Handigone kuzviona zvachose. Kwete. Rangarirai, zvino, murume nemudzimai wake mumwe chete. Ungazvibatanidze nemunhu akadaro? Kana ukadaro, zvirokwazvo zvaizoodza kutenda kwangu mauri.

82 Uye, zvadaro, ko kuti Mwari vangazvibatanidze nechinhu chakadaro, chipfeve chemasangano chemazuva ese? Unofunga kuti Vangambozviita, "Vaine chimiro chehumwari asi vachiramba simba racho"? HaVangambodaro. Anofanira kuva nehunhu hwaVo maari. Kereke yemazvirokwazvo, yakaberekwa patsva zvechokwadi inofanira kuva ne—nehunhu hwaiva muna Kristu, nekuti murume nemudzimai vamwe chete. Zvino kana Jesu akaita izvo zvega zvaifadza Mwari, kuchengeta Shoko raVo nekuratidzira Shoko raVo, Mwenga waVo unofanirwa kuva uine hunhu humwe chete. Hawaikwanisa, zvachose, kuva sangano. Nokuti, zvino, hazvina basa kuti uri kuda kutaura zvakawanda sei, "kwete," anotungamirwa nerimwe bato kune imwe nzvimbo, rinomuudza zvekuita nezvekusaita, uye, kazhinji, zviri mamaera mamiriyoni kubva paShoko rechokwadi.

83 Zvinosuwisa kwazvo kuti takabva paMutungamiri uyo Mwari vakatisiira kuti azotungamira Kereke. Havana kumbotumira vafundisi vakuru vedunhu. Havana kumbotumira mabhishopi, makadhinari, maprisita, vanapapa. Vakatumira Mweya Mutsvene kuKereke, kuzotungamira Kereke. "Kana iYe Mweya Mutsvene wauya, Achakutungamirirai muZvokwadi yese, nokukuzarurirai zvinhu zvose izvi, zvaNdakakuudzai pamusoro pazvo, ozviunza kundangariro yenyu, nekukuratidzai zvinhu zvichazouya." Mweya Mutsvene waizodaro. Zvino, chechi yechimanjemanje inoUvenga. HaiUfarire, saka ingagova sei Mwenga waKristu? Vanhu vanhasi vari kusarudza sangano rechimanjemanje. Zvazvinoita, zvinongoratidza kusanzwisisa kwavo kweShoko.

84 Handireveri kurwadzisa, asi ndinorevera kuti zvidzike zvakakwana kusvika mazvitarisa.

85 Ndakachatisa vakawanana vakawanda, asi zvinogara zvichindirangaridza pamusoro paKristu neMwenga waKe. Mumwe wemichato wandakaita pano, imwe nguva yapfuura, waiva—waiva chimwe chinhu chikuru muhupenyu hwangu. Ave makore akawanda apfuura, pandaiva mushumairi wechidiki.

86 Munin'ina wangu aishanda pa—paPWA. Handizive kana paine munhu achiri kuirangarira, nazvino, kana kwete, ani zvake wezera rangu. Iroro raiva ba—basa rekuvaka raiva rehurumende. Uye munin'ina wangu aishanda ikoko, mamaera angaita makumi matatu. Vaichera mamwe madhamu, riri basa rezvekuchengetedza.

87 Zvino paiva nemukomana aishanda kumusoro ikoko, pamwe naye, aibva kuIndianapolis, angaita, oh, mamaera angaita zana kumusoro kweJeffersonville uko kwandi—ndinogara, kana kwandaigara. Zvino pakava ne . . . Akati kumunin'ina wangu, rimwe zuva, akati, "Doc," akati, "Ini—ini ndinoda . . . Ndiri kuzoroora, dai ndaingova bedzi nemari yakakwana yekubhadhara mufundisi." Akati, "Ndi—ndine mari inokwana kuwana gwaro rangu rehurumende, asi," akati, "handina mari inokwana kubhadhara mufundisi."

88 Doc akati, "Zvakanaka, mukoma wangu mufundisi, uye—uye iye—iye anogona kukuchatisa." Akati, "Haambobhadharise vanhu zvinhu zvakaita saizvozvo."

Iye akati, "Ungamukumbire here kuti andichatisewo?"

89 Zvino, manheru iwayo munin'ina wangu akandikumbira. Ndikati, "Kana asati amboroora, chero mumwe wavo, uye vari . . . zvinhu zvese zvakanaka."

Iye akati, "Zvakanaka, hongu, ndichamubvunza."

Zvino ndakati, "Kana zviri izvo, muudze, kuti auye zvake."

90 Saka, Mugovera pawakasvika heuno mukomana akauya. Chakava chinhu chikuru kwandiri, kugara ndichitarisa shure

kune izvi. Ndai . . . Masikati ainaya, mota yeChevrolet yakare, iine magetsi emberi akasungwa newaya yemabhero, yakatyaira kuuya, pamberi. Nguva pfupi mushure mekunge ndarasikirwa nemudzimai wangu, zvino ndaigara, mukamuri mbiri diki. Zvino—zvino Doc aiva kumusoro ikoko neni, takavamirira.

91 Zvino—zvino mukomana akabuda mumotokari, uye zvirokwazvo aisamboratidzika sechikomba chacho, kwandiri, kana zvazvingaita kune mumwewo munhu, ndinofunga kudaro. Hongu. Ndaikwanisa ku . . . kutenga shangu dzakanaka, kwedhora nehafu. Zvino iye aiva nedzake, dzaiva dzakapwasharara. Mudhebhe wake waiva wakafutunuka kwazvo. Uye aiva akapfeka rimwe remajasi eganda renhuta. Handifungidzire kuti vamwe venyu vechikuru mungarangarira. Raiita kunge rapfuudzwa nemumushina wekuwacha risina kusukurudzwa, raiva riine mutsetse, rakasungwa se*izvi*, uye kona yakwira.

92 Uye mu—mudzimai mudiki akaburuka kune rumwe rutivi, nekadhirezi kadiki, oh, kamwe keaya ane mavara echeki-cheki.

93 Handizive. Ndakakanganisa pakudana zvinhu zvakadaro, imwe nguva. Gingham, ndinotenda ndizvo zvainodanwa. Uye saka yaiva . . . [Ungano inoseka—Mupepeti.] Ndazvitaura zvisizvo zvakare. Ndi—ndinogara ndichizviita. Zvino ndikati . . .

94 Mudzimai akaburuka mumota, ndokuuya vachikwidza namasitepisi. Zvino—zvino pavakafamba vachipinda, anonzwisa urombo uyu, mudzimai . . . Ndinofungidzira, iye, potse chinhu chega chaaiva akapfeka irokwe. Uye akanga asina kana shangu, zvachose, dzekupfeka. Akafamba achikumbira chokufambisa kubva kuIndianapolis, kuuya. Aiva nevhudzi rake rakarembera, kumashure, rakareba, rakaita sekurukwa richidzika nemusana wake. Airatidzika kuva mudiki chaizvo.

Zvino ndakati kwaari, "Wabva zera zvekuti unokwanisa kuroorwa here?"

95 Iye akati, "Hongu, changamire." Uye akati, "Ndine mvumo yakanyorwa kubva kuna baba naamai vangu." Akati, "Ndaifanira kuiratidza ku—kumatare kuno, kuti ndiwane gwaro rangu."

96 Ndikati, "Zvakanaka." Ndikati, "Ndinoda kutaura nemi zvishoma tisati taita muchato uyu." Vakagara pasi. Mukomana akaramba achingotarisa-tarisa mukamuri imomo; vhudzi rake raizoda kugerwa. Zvino akaramba achitarisa-tarisa mukamuri. Anga asiri kunditeerera. Ndikati, "Mwanakomana, ndinoda kuti uteerere kune zvandiri kutaura."

Akati, "Hongu, changamire."

Ndikati, "Unoda musikana uyu here?"

Iye akati, "Hongu, changamire. Ndinodaro."

Ndikati, "Unoda mukomana?"

"Hongu, changamire. Ndinodaro."

97 Ndikati, "Zvino, une nzvimbo yekumuendesa here mushure mekunge machata?"

Akati, "Hongu, changamire."

98 Ndikati, "Zvakanaka. Zvino," ndikati, "ndinoda kukubvunza chimwe chinhu. Ndine kunzwisisa kwekuti, uri kushanda kumusoro kuno pa PWA iyi."

Zvino iye akati, "Hongu, changamire." Madhora angaite gumi nemaviri pavhiki.

Ndikati, "Unofunga kuti unogona kumuwanira chekuti ararame here?"

Iye akati, "Ndichaita zvese zvandinokwanisa."

99 Zvino ndakati, "Zvakanaka, zvakaringana." Uye ndikati, "Zvino, ko kana akabuda . . . Ko kana akarasikirwa nebasa rake, hanzvadzi? Ko uchazoita sei, uchamhanya uchidzokera kumba, kuna mai, baba?"

Iye akati, "Kwete, changamire. Ndiri kuzogara naye."

100 Zvino ndakati, "Nhai, changamire, kana mukava nevana vatatu kana vana, pasina chekudya chekuvapa, zvino usina basa. Uri kuzoitei, uchamudzinga?"

101 Akati, "Kwete, changamire. Ndicharamba ndichishingaira. Tichabudirira, neimwe nzira."

102 Ndakanzwa kuita mudiki. Ndakaona kuti aimuda chose, uye vaidanana. Ndakavachatisa.

103 Zvino ndaifunga kuti akamuendesa kupi. Mazuva mashoma, ndakabvunza munin'ina wangu, Doc, kuti ndekupi. Akati, "Dzika zasi kuNew Albany," kaguta kadiki kari kuzasi kwedu.

104 Zvino zasi parwizi, kwandaiva nemagaba ariko, kwandaienda mazuva ese panda—pandaiva mutariri wetambo dzemagetsi. Saka paya vamwe vese machinda, vose vagara vakaungana, vachitaura zvinosetsa nezvinhu, ndaipinda mumota ndomhanya zasi kurwizi ndonamata munguva iyoyo . . . ? . . . Ndoverenga Bhaibheri rangu, pasi pegaba guru paimbova nepaigadzirwa simbi. Pane zvimota zvemabhokisi zvakagara ikoko.

105 Zvino muchinda uyu akaenda kunotora rimwe remabhokisi aya ndokucheka musiwo mariri. Ndokutora bepanhau nebhatani rechipeneti.

106 Vangani vanoziva kuti bhatani rechipeneti chii? Hapana wekuKentucky pano, zvino. Ndeichi, ukatora chidimbu chekadhibhodhi, woisa chipeneti chekubairira nechigunwe, kanhu kadiki kakabudikira. Zvino wochisundidzira mukati me . . . Ndiro bhatani rechipeneti.

107 Saka, vakanga variisa kwese-kwese. Saka akaenda kunogadzirwa masimbi akazviwanira zvimwe zvinhu, akagadzira sitepisi, rekukwira. Ndokutora mamwe mabhokisi matsaru, akazvigadzirira tafura. Ini ndokufunga, rimwe zuva, "Ndichaenda zasi ndonoona kuti vari kurarama sei."

108 Mwedzi mitanhatu zvisati zvaitika, ndakachatisa mwanasikana wa E.V. Knight kumwanakomana wa E.T. Slider. E.V. Knight, aiva mumwe wevanhu vapfumi zvikurusa vari paOhio River, uye, oh, ane mafakitori akawanda imomo, achigadzira dzimba idzi dzemidhuri inouya yakagadzirwa kare, nezvakadaro. Uye—Uye Slider, E.T. Slider, ndiyo kambani yemajecha nematombo, vana vevapfumi vane mamiriyoni. Zvino ndakavachatisa.

109 Ndakadzoka pane imwe nzvimbo, ndakazvidzidzira kwemavhiki maviri, uye kudzokera mukakamuri nekupfugama papiro. Nekuzvisimudzira kwese nezvese zvandati ndambopfuura nemazviri, potse, zvandaifanira kuita, kuti ndichatise vaviri ava! Uye pavakabuda, sei, vaiva . . . Vamwe vaviri ava vakangomira apo mukamba kadiki kekare mataiva nekasofa nemubhedha wakapetwa, asi vese vakachatiswa nechiitiko chimwe chete.

110 Uye zvino, rimwe zuva, ndakafunga kuti ndaizoenda zasi kunoshanyira vaviri ava vapfumi. Havaimbofanira kushanda, vanababa vavo vaiva vaine mamiriyoni, vakanga vavavakira musha wakanaka. Chaizvoizvo, E.V. Knight uyu, kumusoro, kuno pachikomo ichi, mibato yemisuwo yake makarati gumi nemana pamuzinda wake mukuru, saka unogona kufunga mhando yeimba yavanogara mairi. Havaimbofanira kushanda. Vaipiwa Cadillac yakanaka gore rega-rega. Zvino vaingova, vana vavo voga, uye vaiva nezvese zvavaida. Pandakafamba rimwe zuva . . .

111 Zvino, kuti ndakazivana navo sei, imwe shamwari yavo yaiva shamwari yangu yakanaka. Taiita sekuwirirana. Zvino ndiko kuzivana kwandakaita navo, pavaida kuti ndivachatise.

112 Saka ndakaenda kunovashanyira. Ndakaburuka Ford yangu yakare, kunze, ndokufamba kukwira masitepesi. Zvino—zvino ndakasvika, pedyosa, ndokuvanzwa. Uye vainetsana kwazvo. Vaiitirana godo. Vanga vaenda kudhanzi. Aiva musikana akanaka pachiso. Zvino aiva akaita semumwe wevanamambokadzi verunako vaya. Akatora mikombe yakawanda ikoko, akahwina mota nezvimwe, nokuda kwekuva mambokadzi werunako. Zvino ndakavatarisa, uye mumwe aiva akagara mune imwe kona mumwe ari mune imwe yacho, vachinetsana pamusoro pemumwe mukomana waakanga adhanza naye, kana mumwe musikana, zvakadaro.

113 Pandakauya, vakasvetuka nekukurumidza ndokubatana, maoko avo—avo, ndokuuya pakati, vachifamba kuuya

kumusuwo. Vakati, "Nhandi, mhoroi apo, Hama Branham! Muri sei?"

Ndikati, "Zvakanaka. Imi muri seiwo henyu?"

114 Zvino, "Oh," mukomana akati, "Ini—ini . . . Tiri kufara chose. Hatisi here, mudikani?"

Zvino musikana akati, "Hongu, mudiwa." Maona?

115 Zvino, munoona, uri kuyedzesera chinhu chisiri chechokwadi. Zvino, haugone kudziiswa nemoto wakaita zvekupendwa, semamwe emachechi aya anoyedza kupenda pentekosti, pane chimwe chinhu chakaitika chiuru chemakore chapfuura kana makore zviuru zviviri zvapfuura. Haugone kudziiswa nemoto wakapendwa. Pentekosta inongova yemazvirokwazvo nhasi sezvayaiva kareko. Maona? Hongu. Moto uchiri kudonha. Hausi moto wakapendwa. Moto wemazvirokwazvo.

116 Saka, ivo, hapo pavaingova. Maona? Ha—handingamboda kurarama saizvozvo.

117 "Oh," ndakafunga, "munoziva, zasi seri kwemawere uko uye mhiri parwizi, ndiko kwakazogumisira kwaenda vamwe vaviri vaye." Ndakafunga, "Mumwe musi weMugovera masikati ndichaverevedza ikoko ndoona kuti vari kuzvifambisa sei."

118 Saka ini, ndiine chiso chakasviba, ndakapfeka hovhorosi yangu ine tsvina, ndiine maturusi angu. Ndakafunga, "Ndichavanyangira." Ndakaverevedza sekunge ndainge ndiri kutarisa mainsulator ari kupamurwa nemheni kana chimwe chinhu, zvino pandaifamba neparutivi rwetambo yefoni, tambo dzemagetsi dzaitevedza rwizi. Zvino heyo Chevrolet yakare, yanga yakagara kumberi. Ringaita segore rakatevera, mushure mekunge ndavachatisa. Zvino hapo paiva ne—ne . . . Musuwo waiva wakazaruka, uye ndaikwanisa kuvanzwa vachitaura. Saka izvi zvinoita semunyengeri, asi ndakafamba kusvika pedyo kusvikira ndave kukwanisa kuteerera, kuona zvavaitaura. Ndakamira ipapo. Zvino ndinoda kungozvizivirawo, pachangu.

119 Ndinoda kutsvaka ndova nechokwadi nezvandiri kutaura pamusoro pazvo. Ndiyo nzira yandinoita nayo pamusoro peShoko raMwari. IChokwadi here, kana kuti haChisi Chokwadi? Ko Vachachengeta Shoko raVo here, kana kuti haVachengeti Shoko raVo? Vakasachengeta Shoko raVo, zvino haVasi Mwari. Maona? Vakachengeta Shoko raVo, NdiMwari. Maona?

120 Zvino saka ndinoda kuona kuti vari kurarama sei. Zvino ndakaverevedza neparutivi, zviri nyore. Ndikamunzwa achiti, "Oh, mudiwa, ndanga ndichida kuti ndikuwanire iroro, chaizvo."

121 Mudzimai akati, “Zvino, tarisa, chido chemoyo.” Akati, “Dhirezi iri rakanaka.” Akati, “Handiti, rakangonaka.” Ndokuti, “Ndinozviyemura. Asi unoona . . . ”

122 Ndakaverevedza nerweseri, kuitira kuti ndikwanise kutarisa nepamutswe, apo musuwo wanga wasandudzirwa zvokuvhurika mubhokisi. Zvino hapo paaiva, akagara imomo, uye mudzimai ari pagumbo rake; murume akambundira mudzimai, uye mudzimaiwo akambundira murume. Zvino aiva akapfeka imwe yenguwani dzependeke, uye anga akaisa kaburi, ndokuipwashadzira pasi, padenga, ndokubuditsa cheki yake yemuhoro, mairi. Iye—iye akaiisa patafura. Akati, “*Yakati* yezvokudya. *Yakati* yeinsurance. Uye *yakati* ndeyemotokari.” Zvino vaisagona kuti hupenyu hwavo huendeke. Ndokuzoona kuti, akanga aona rimwe dhirezi duku pahwindo, ainge achiritarisa kwemavhiki akati kuti, raiva nemutengo wedhora nezvimwe. Aida kuritora. Akati, “Zvino, mudiwa, waizoratidzika zvakaisvonaka mariri.” Iye akati . . .

123 Mudzimai akati, “Asi, mudiwa, ini—ini ndine dhirezi. Handi—handinyanye kurida.” Maona? Uye mambokadzi mudiki uyu . . .

124 Ndakabva ipapo, ndokutarisa mudenga. Ndaigona kuona chi—chiruvi pamusoro peimwe imba yacho. Ndakamira ipapo ndokutarisa, maminitsi mashoma. Ndikafunga, “Ndianiko murume mupfumi apa?” Ndikafunga, “Dai, Bill Branham, kana uchida kusarudza nzvimbo yekuenda, waizoda kuenda kupi?” Kwandiri, handaimbotora chinhu chakanaka chiri pamusoro pechikomo. Ndaitora hunhu huri zasi kuno, semuumbi wemusha wemazvirokwazvo, munhu aindida nokugara neni, mumwe munhu anoedza kuvaka musha; kwete anokushushira zvinhu zvese, zverunako; zvino munhu aiva newe, chikamu chako.

125 Zvakagara zvineni, zvazvaiva. Mumwe akasarudza musikana akanaka, mumwe akasarudza hunhu. Zvino, ndiyo nzira yega yawaigona kusarudza nayo. Chekutanga, tsvaga hunhu uye, zvadaro, kana uchimuda. Zvakanaka.

126 Cherechedzai, Adhama wekutanga waMwari akanga asina sarudzo, pamudzimai wake. Haana kuwana sarudzo. Mwari vakangomugadzirira mumwe chete, uye haana kuita zvekumusarudza. Saka tinoona kuti mudzimai akamutsautsa kubva paShoko raMwari. Haana kunamatira nyaya yacho. Iye—iye—iye haana kufanana newe neni. Haana kuwana sarudzo. Uye zvakare, nokudaro, mudzimai akamutsautsa kubva panzvimbo yake yakafanira yekuva mwanakomana waMwari. Zvino akaita izvozvo nekumuratidza nzira yechimanjemanje yekurarama, chimwe chinhu chavaisafanira kunge vakaita. Asi hunhu hwake hwairatidza kuti aiva akakanganisa. Donzvo rake nezvinagwa zvake zvaingova zvisizvo. Ndokutsvetera murume, kubudikidza nenjere dzake, kuti chiedza chitsva

chechimanjemanje chaakanga awana, chaipesana neShoko raMwari, chaiva hupenyu huri nane hwekurarama.

127 Zvino vakadzi vangani nhasi, uyewo nerimwe divi, varume, vanokwanisa kudhonzera mudzimai akanaka kubva pana Mwari, kana kudhonzera murume akanaka kubva pana Mwari, nekuedza kumuudza, "Chinamato ichi, imi vakomana veChipentekosti! Chinamato icho," vanoti, "oh, Ndechechinyakare. Ndechakare chine mhute. Usambotenda Zvakadaro." Zviri nane unamate zvakasimba usati waroora musikana iyeye. Handina basa kuti akanaka zvakadini pachiso. Chinhu chimwe chetecho kumurume.

128 Akamunyengetedza kubva mukuda kwaMwari ndokumukonzeresa kuti aite chimwe chinhu chaakanga asingafanire kunge akaita, uye, naichocho, zvakakonzera rufu kurudzi rwese rwevanhu. Ndokusaka Bhaibheri risingamutenderi kuti adzidzise, kana kuparidza, kana kubata Shoko raMwari, nenzira ipi zvayo.

129 Ndinoziva, hanzvadzi, vazhinji venyu munoti, "Ishe vakandidana kuti ndiparidze."

130 Handisi kuzoita nharo nemi. Asi ndiri kuzokuudzai, Shoko rinotaura kuti musazviite. "Haafanirwe kudzidzisa, kana kuva nesimba, asi anofanira kunyarara."

"Zvakanaka," unoti, "Ishe vakandiudza kuti ndizviite."

131 Handizvipokane izvozvo nepadiki pese. Makanzwa Mharidzo yangu umwe usiku pamusoro paBharami? Bharami akawana sarudzo yekutanga, yakananga yaMwari, "Usazviite." Asi akaramba achibvunzurudza kusvikira pakupedzisira Mwari vakamuudza kuti aende kunozviita.

132 Mwari vanogona kukutendera kuti uparidze. Handina kuti havana kudaro. Asi hazvisi maererano neShoko raVo nehurongwa hwaVo hwepakutanga. "Nokuti anofanira kuva anoteerera, sezvinorevawo murairo." Ichokwadi. Naizvozvo, mudzimai haafanire kuzviita.

133 Zvino, cherechedzai zvakare kuti mwenga wepanyama unofananidzira sei wepamweya. Shoko rinotaura, kuti, "Mudzimai akagadzirirwa murume, kwete kuti murume akagadzirirwa mudzimai."

134 Zvino ndiri kuzotaura, uye sei, mumaminitsi mashoma, pamusoro peMwenga waKristu, asi ndiri kuedza kukuratidzai nhangaruvanze yacho.

135 "Mudzimai akagadzirirwa murume, uye kwete murume kuitira mudzimai." Ndicho chikonzero, pasi pemirawu yakare, barika raibvumidzwa. Tarirai Dhavhidhi akagarapo nevakadzi mazana mashanu, Bhaibheri rakadaro, "Aiva munhu aiva paMoyo chaipo paMwari." Aine madzimai mazana mashanu,

uye Soromoni aine chiuru, asi hapana kana mumwe chete wemadzimai aya aigona kuva nemumwe murume.

136 Torai tepi yangu pamusoro pe*Kuroorana NeKurambana*. Iyo, Pamusoro pegomo kuTucson, nguva pfupi yapfuura, ndaivako ndichinamata pamusoro pazvo. Vakavhara zvikoro, kuti vaone Shongwe yeMoto iya ichitenderera gomo ichienda yakaita sefanera, ichienda kumberi nekumashure, kukwidza nekudzika. Vanhu vekuno vanozviziva, ipapo, uye vakaIona; zvino Iyo . . . paVakandiudza Chokwadi pamusoro pemibvunzo yekuroorana nekurambana. Kana paine divi riri kuenda ne*uku*, uye rimwe riri kuenda ne*uko*, panofanira kuva neChokwadi pane imwe nzvimbo. Mushure meizvo zviya Zvisimbiso Zvinomwe, Vakandiratidza zvaiva Chokwadi chazvo.

137 Cherechedzai, zvino, haaigona asi kungova nemurume mumwe chete bedzi, nokuti, "Mudzimai akagadzirirwa murume, uye kwete murume kumudzimai." Madzimai mazana mashanu ese aya aingova mudzimai waDhavhidha, uye waiva mufananidzo. Kristu paanogara paChigaro muMireniyamu, Mwenga waKe unenge usiri munhu mumwe chete, asi unenge uri makumi ezviuru, Mwenga, vese mune Mumwe chete. Zvino Dhavhidhi aiva nemadzimai akawanda, vakaita mumwe nemumwe, asi vese pamwe chete vaiva mudzimai wake. Sezvakaita Mutumbi wese wevatendi Mwenga waKristu, nokuti ndiYe Mwenga, mudzimai. Iye aiva Murume. Zvino, takagadzirirwa Kristu. Kristu haana kugadzirirwa isu.

138 Ndizvo zvatinoedza nhasi uno kuita mumabhuku edu efundo, kuedza kuita kuti Shoko (rinova Kristu) rienderane nesu, panzvimbo pekuti isu tiedze kuenderana neShoko. Ndiwo musiyano.

139 Kana murume akasarudza mumwe musikana kubva mumhuri, haafanire kuzembera parunako, nokuti runako runonyengedza. Uye runako, runako rwechimanjemanje rwenyika, nderwadhiyabhorosi.

"Oh," ndinonzwa mumwe munhu ati kunze uko, "chenjera ipapo, muparidzi!"

140 Ndinotaura kuti zvinhu izvi panyika pano, zvinonzi zvakanaka, zvirokwazvo ndezvadhiyabhorosi. Ndichazviratidza kwamuri. Zvadaro, zviri maererano nechitaurwa ichi, ngatitsvakei muShoko dzvene raMwari, kuti tione kana zviri izvo kana kwete. Uye vamwe venyu madzimai munoda kunyanya kunaka pameso! Munoona kwazviri kubva. Pakutanga, tinoona kuti Satani waiva akanyanyisa kunaka zvekuti akanyengera Ngirozi. Ndiye aiva Ngirozi yakaisvonakisisa pane dzimwe dzese. Zvakaratidza kuti, zviri muna dhiyabhorosi. Zvirevo yakati, Soromoni akati, "Runako haruna maturo." Ndizvozvo. Chivi chinoratidzika zvakaisvonaka. Zvirokwazvo, chakadaro. Chinokwezva.

141 Ndinoda kukubvunzai, uye nokutaura chimwe chinhu kwamuri. Ndinoda kuti mucherechedze, maminitsi mashoma. Pamhando dzese dzezvisikwa dziri panyika, shiri, mhuka, tinoona kuti pahupenyu hwemhuka, dzese kusiya kwemunhu, imhuka hono ine runako, kwete hadzi. Sei zvakadaro? Tarisai pane . . . Tarisai nondo, hono yacho—yacho hombe yakaisvonaka nenyanga dzayo, kwozoita kahadzi kadiki kanenge nyurusi. Tarisai tse—tseketsa, tseketsa diki, ine mavara, uye jongwe guru rakaisvonaka rine minhenga. Tarisai pashiri hono neshiri hadzi. Tarisai zvakaita dhadha gono nehadzi. Maona? Zvino hapana kana mhando yezvisikwa imwe chete panyika, yakasikwa, inogona kunyengera nekuzvideredza semudzimai.

142 Zvino, hanzvadzi, rega kusimuka nokubuda panze. Chingomirira kusvika tanzwa magumo eiZvi. Maona? Maona?

143 Hapana chinhu, hapana hadzi kunze kwemudzimai, inogona kushaya hunhu. Munodana imbwa kuti "chapa," munodana nguruve kuti "ho—hochi," asi, pahunhu, dzine hunhu huri nane kupfuura chikamu chepakati chevatambi vemabhaisikopo kunze kuno. Hapana chimwe chadzingava kunze kwekuva nehunhu.

144 Zvino mudzimai ndiye akashanduka, kuva akatsveyama. Ndizvozvo. Munoona kwaanoendeswa nerunako? Zvino, ndokusaka, nhasi, madzimai vari kuwedzera kunaka pachiso. Mukatora Pearl Bryan, makamboona mufanakiso wake here? Aifanirwa kunge ari mukadzi akaisvonakisa muAmerica. Hapana kana mwana wechikoro kubva kuchikoro chipi zvacho asi uyo anotomuisa ku—kuchigaro chekumashure. Munoziva here kuti zvinofanira kudaro? Munoziva here kuti Bhaibheri rinotaura kuti ndiyo nzira yazvichava?

145 Munoziva here kuti kuwa kwakauya nemadzimai pakutanga? Uye kuwa . . . Magumo ari kupedzisira nenzira imwe chete, madzimai achipinda pahutongi nekutonga varume, nezvakadaro. Munoziva kuti Rugwaro rwakadaro? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Munoziva, zuva raanopfeka hanzu dzemunhurume, ogera musoro wake, zvinhu zvese izvozvo zvinopesana neShoko raMwari. Uye munoziva kuti anomiririra kereke? ["Hongu."] Kana mukatarisa zviri kuitwa nemadzimai, munoona zviri kuitwa nekereke. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, zvino, izvozvo zvinongova chokwadi sekuva chokwadi kuri Shoko raMwari.

146 Hapana imwe hadzi inogona kuzvideredza sezvinogona kuitwa nemudzimai. Asi zvakadaro, kubudikidza naizvozvo, akagadzirwa kubva- . . .

147 Aisava pakusika kwepakutanga. Dzimwe hadzi dzese dziri pakusika kwepakutanga: shiri, hono nehadzi; mhuka, hono nehadzi. Asi, pahupenyu hwevanhu, Mwari vakangogadzira murume chete, Vakatora kubva maari. Zvino mudzimai

chinhu chakagadzirwa kubva pamurume, nokuti Mwari havana kumbogadzira chinhu chakadaro. Nzverai Magwaro. Ndizvo chaizvo. Mwari, kwete, changamire, pakusika kwaVo kwepakutanga. Akaiswa kunze ikoko.

148 Asi kana akagona kuzvibata zvakanaka, ane mubairo wakakura sei kudarika murume. Anoiswa panzvimbo yokuyedzwa. Kubudikidza naye kunouya rufu. Ane mhosva yerufu rwese. Asi Mwari vakatendeuka ndokushandisa mumwe kuunza Hupenyu zvakare; vakaunza Mwanakomana waVo kubudikidza nemudzimai, uyo aiteerera. Asi uyo akaipa ndiye a—akaipisisa ati ambovapo; hapana chinhu chinogona kuderera zvakadaro.

149 Kaini, mwanakomana waSatani, aifunga kuti Mwari vanogamuchira runako. Anodaro nhasi. Kaini aiva mwanakomana waSatani. "Oh, zvino!" unodaro. Hatisi kuzopinda muhudzamu pane izvozvo, asi chingoita kuti ndizvitsanangure kwamuri. Bhaibheri rakati iye "aiva weuyo wakaipa." Saka, zvinozvitsanangura. Zvakanaka. Zvino, aiva mwanakomana waSatani. Zvino aifunga kuti, kuunza artari oinakisa kuitira kunamata, ndizvo zvairemekedzwa naMwari.

150 Vanofunga, kufunga kumwe chete nhasi. Zvirokwazvo. Izvi, "Takavaka chivakwa chakakura. Tichava nemasangano makuru. Tichagadzira chivakwa chikurusa uye nevanhu vanopfeka zvakanakisa, vafundisi vane tsika dzepamusoro." Dzimwe nguva Mwari vari mamaera mamiriyoni gumi kubva kwazviri. Ndizvozvo. Asi, iri chechi.

151 Saka, kana Mwari vachingoremekedza kunamata, kuperera, chibairo, Kaini aiva akangofanana naAbhero. Asi zvaiva nechizaruro, kuti akanzwisisa kuti aisava maapurosi akadyiwa nevabereki vake.

152 Ndiri kuzotaura chimwe chinhu pano chisingaite kunge chakanaka kumushumairi, asi ndiri kuzozvitaura, zvakadaro. Ndinonzwa vamwe vachitaura zvinhu, nekutaura zvinhu zvinosetsa. Handireveri kudaro. Ndakataura izvi, hazvo, "Kana kudya maapurosi kwakakonzera kuti madzimai aone kuti vaiva vakashama, zviri nane tikatanga kupa maapurosi zvakare." Maona? Maona? Uh-huh. Ndiregererei nokuda kwazvo, asi kungoitira bedzi kuti zvishanduke. Ndakuitai kuti musungikane pano, nekutaura pamusoro pemadzimai, nezvakadaro. Ndi—ndi—ndinoda kuti mudekare kweminiti, kuitira zviri kutevera. Zvino, cherechedzai, imi. Aisava maapurosi. Tinozviziva izvozvo.

153 Kereke yava mumazuva ano, nebudiriro yayo, sezvakangoita kubudirira kumwe kwese kwevanhu, yave kuita yesainzi. Vari kuedza kugadzira chechi yesainzi, nekukwezva kwemifananidzo nezviruvi zvikuru. Uye zvinosuwisa kuti Mapentekosti vapindawo mune kuora uku. Ungatova pari nane netamborini,

zasi pakona, uye Mweya waMwari wakakupoteredza. Asi uri kuedza kuzvifananidza nevamwe vese, nekuti wakaita sangano. Ndizvo zvakazviita. Maona? Machechi ari kuedza kuva esainzi.

154 Zvino rangarirai, sekubudirira kunenge kuchiita munhu mune zvesainzi, ari kuzviuraya zuva nezuva. Paakagadzira unga hwepfuti, tarisai zvayakaita. Paakagadzira motokari, inouraya vanhu vakawanda kupfuura zvinoitwa nepfuti. Iye zvino akazvigadzirira bhambu rehydrogen. Unofunga kuti ari kuzoitei naro? Ndizvo.

155 Zvino ndizvowo zviri kereke, pairi kuedza kubudirira nesainzi, nehurongwa hwakagadzirwa nevanhu, zviri kukuisai kure naMwari, uye kupinda murufu, kupfuura zvazvaiva pakutanga. Ndizvozvo. Usasarudza kereke yako nenzira imwe chete yawakasarudza mudzimai wako. Maona? Zvakaitwa nesainzi paari zvaishamisa, asi zviri nane ugare kure nekereke yako pana izvozvo; akagadzira pendi, mapaudha, nezvimwe zvinhu zvese izvi. Sarudza nehunhu hweShoko raKe.

156 Zvino ngatienzanisei mwenga wepanyama wanhasi neanonzi mwenga wechechi yanhasi. Enzanisai mukadzi, ari kuzoroorwa nhasi.

157 Zvino, chingotarisai zvaakaitirwa nesainzi. Anobuda, kutanga, akadimbura vhudzi rake, akagadzira musoro wake nenzira iya inenge yaJacqueline Kennedy, munoona, kana chimwe chinhu chakadaro. Uye munoziva zvinotaurwa neBhaibheri? Bhaibheri kwazvo rinotopa murume, kana achida, kodzero yekumusiya mukurambana, kana akazviita. "Mukadzi asina ruremekedzo, uyo anodimbura vhudzi rake." Bhaibheri rakadaro. Ndizvo. Maisazviziva? Huh? Oh, hongu! Ndinoparidza zvakanyanya muCalifornia kuti muti hamuzvizive. Ndizvozvo. Oh, hongu! Zvinondibatsirei? Vanongozviita, zvakadaro. Haugone kutora nguruve woshandura zita rayo, kuiita hwayana. Cherechedzai.

158 Muri kuzondivenga mushure meizvi, asi muri kuzoziva Chokwadi. Maona?

159 Honai. Ngatizvienzanisei. Heuno anouya akazara pendi, chimwe chinhu chaasiri, mwenga wechimanjemanje. Geza kumeso kwake, zvichida, murume anotomutiza. Anokutyisa zvekutofa, ukabvisa zvinhu zvese izvozvo kubva paari. Uye saka ndizvo zviri kereke ine chimiro chakakura, chakapendwa, neMax Factor yakazara yedzidzo yebhaibheri. Uh-huh. Vese vari vaviri vane chiso chine ru—runako, rwenhema pavari, runako rwakagadzirwa nevanhu uye kwete runako rwakagadzirwa naMwari. Hapana hunhu mune mumwe wavo.

160 Cherechedzai, sezvakangoita Satani, rwakakwana kuti anyengere narwo, enzanisai mwenga wechimanjemanje zvino naiye: anopfeka zvikabudura, anoisa pendi, anodimbura vhudzi rake, anopfeka hanzu dzinoratidzika sedzevarume,

nokuteerera mufudzi akamuudza kuti zvanga zvakangonaka. Iye munyengeri. Achazvitambudzikira munharaunda dziri mhiri. Ndizvozvo. Kuita izvozvo kuti anyengere, kuva chimwe chinhu chaasiri.

161 Ndiyo nzira iyo inoitwa nechechi, kuwana maDD., Ph.D., LL.D makuru. Saka unoti, "Mufudzi wedu ndi*zvakati*, *zvokuti*, ne*zvimwe*," zvichida asingazive zvimwe pamusoro paMwari kudarika kuziva kunoita muHottentot pamusoro peusiku hwekuEgipita. Ndizvozvo. Ndizvo. Chimwe chiitiko cheseminari yebhaibheri kunze uko, uye pasina zvimwe zvaanoziva pamusoro paMwari zvachose.

162 Kereke yechimanjemanje nependi yavo yedzidzo yebhaibheri, vaine vakadzi vavo vakagera kubwinya kwavo kwese, neumwe ricky nemufudzi wavo wavainaye, kunge Jezebheri kana pakambova nemumwe. Vhudzi rakagerwa, zvikabudura, pendi, zvese zvakagadziridzwa nenzira yekuravira kwedzidzo yebhaibheri, ndiwo mamiriro akaita kereke. Ndizvo. Asi hunhu hwake hwepamweya huri kure kwazvo nokuva muvaki wemusha uyo Jesu Kristu ari kuuya kuzogamuchira.

163 Kana paine Mukristu angaroora mukadzi akadaro, zvinoratidza kuti awa kubva panyasha. Maonero ake aMwari nemaonero ake emusha, zvinofanira kuva musha, zvakatsauka, paanosarudza mukadzi akadaro. Kwete, changamire. Zvirokwazvo haangambopindirana nezvinodiwa neMukristu. Hunhu hwake hwepamweya hwakadereresa, hwakafa, murunako rwesangano neruchiva rwenyika.

164 Ndipo chaipo pakamira chechi nhasi, yakatengesa kuna Satani hunhu hwayo hwayakapiwa neShoko, kuitira chinamato chesainzi chakagadzirwa nevanhu. Paya, payaiva nekodzero, sekereke yaMwari, kugara neShoko raMwari nekuva neMweya Mutsvene uchishanda pakati, kubatanidza Mutumbi pamwe chete neShoko pamwe nerudo rwaMwari. Panzvimbo paizvozvo, yakatengesa kodzero dzayo dzehudangwe, saEsau, ndokutora sangano, ndokuirega ichiita, zvese zvayaida kuita, ndizvo, kungoti ive nemukurumbira sezvakaitwa namai vayo paNicaea Rome. Shoko raMwari!

165 Oh, zvapinda sei munharaunda dzedu dzechiPentekosti! Zvakaipisisa, asi yakazviita.

166 Cherechedzai, kweminiti, sisita muchechi yeKatorike. Mukadzi iyeye, kuti azova sisita, otora vhoiri rekupedzisira, anozvipira zvizere kuchechi iyoyo. Iye (munhu wemukati, mutumbi, nemweya) chechi ndiyo muridzi wake. Haana pfungwa dzake ega. Haagone kuva, paanotora vhoiri iroro rekupedzisira, haana pfungwa yake, haana kuda kwake. Munoona kunze kuno, kuti Satani anovaita zvinhu zvake zvokutevedzera, sezvechokwadi.

167 Kereke yeChokwadi yaKristu, Mwenga, yakanyatsozvipira kwaAri neShoko raKe rakavimbiswa, kusvikira pfungwa chaidzo dzaiva munaKristu dziri mauri. Musiyano wakadii!

168 Zvino tinoona nhasi, kuti, kereke yechimanjemanje, kereke yenyika yechimanjemanje. Kereke yenyika yechimanjemanje neKerekewo zvakare yepamweya dzese dziri mbiri dzine pamuviri, kuzobereka vanakomana.

169 Imwe yacho, kuzvara kwesangano, iri kuzopa, imwe ye. . . zuva, ku. . .mazuva ano, PaMubatanidzwa weMachechi ePasi rose, uchazobereka antikristu kunyika, kubudikidza nesangano. Ndicho Chokwadi chaicho. Ndinogona kusararama kusvika pakuzviona. Ndinotenda kuti ndichadaro. Asi, imi vechidiki, rangarirai kuti makambonzwa mushumairi achizvitaura. Zvichapedzisira zvaitika. Zvino ndiwo munembo wechikara, kana ichinge yagadzira Mubatanidzwa weMachechi ePasi rose. Zvino ichazvara mwanakomana wayo, antikristu.

170 Imwe yacho inopihwa pamuviri neShoko raMwari uye igobereka Mutumbi, Mutumbi wakakwana waJesu Kristu, unova Mwenga. Mutumbi waKristu hausati wakwaniswa zvino. Vangani vanozviziva? Murume nemudzimai vamwe chete. Uye Kristu Mutumbi mumwe chete, Shoko. Mwenga unofanira kuva Mutumbi wacho wese. Zvino vaviri ava, pamwe chete, vanogadzira Mutumbi mumwe chete zvakare. Sezvaiva Adhama pamavambo: murume, mudzimai wake, ivo mumwe. Zvino, iYe, Mwenga wechokwadi, akazvipira kwaAri zvachose, zvokuti haAshandise pfungwa yaKe pachake. Pfungwa yaKe, ndizvo, ndiko kuda kwaKe, uye kuda kwaKe iShoko raKe.

171 Zvino tarisai unonzi mwenga wakasarudzwa nevanhu, uenzanise wepamweya newepanyama wanhasi, Jezebheri wechimanjemanje akaroyiwa naAhabhu wake, werunako rweMax Factor, zvese. Honai kereke, nzira imwe chete, asi chipfeve kuShoko raMwari mupenyu; masangano makuru, zvivakwa zvakakura, mari yakawanda, muhoro wakakura, zvese zvakazvipira. Varume vakamira papurupiti vachizvibvumidza kuti zvakanaka, vachivasiya kuti vangozviita. Kungonyengerwa, ndizvo zvega. Chokwadi Zera reKereke reRaodhikia rakapofomara, chaizvo izvo zvakataurwa neBhaibheri kuti zvaizova. "Akati, 'Ndakapfuma. Ndakagarika samambokadzi. Hapana chandinoshaiwa.' Uye usingazive kuti uri murombo, wakasuwa, bofu, une nhamo, hauna kusimira: asi usingazivizive." Kana izvo zvisiri ZVANZI NAJEHOVHA, Zvakazarurwa 3, handisati ndamboIverenga. Ndizvo zvaari, asi haazvizive! Pafungei.

172 Dai waiudza murume kana mudzimai, mumugwagwa, aive asina kusimira zvachose, wovaudza kuti havana kusimira, handiti vanoti, "'Ziva zvebasa rako," sei, pane kukanganisika

kwepfungwa pamwe panhu. Pane chakakanganisika nepfungwa dzavo.

173 Zvino kana uchikwanisa kuverenga Shoko raMwari, zvinofanira kuitwa nevanhu, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene urwu rwatinarwo nhasi, uye, vanhu, handiti, vanokutarisa sekunge unopenga. Iwe vaudze: "Munofanira . . . " Vanofanira kuberekwa patsva. Vanofanira kutenda Bhaibheri.

174 Vanoti, "Rwaiva rungano rwemaJudha, rwemakore akapfuura. Chechi yedu ndiyo ine nzira." Vane nhamo, vakasuwa, mapofu, vasina kusimira, uye vasingatombozvizive. Yakadini . . . Zvino Bhaibheri rakati ndicho chinhano chavanopinda machiri.

Ko muprofita wechokwadi angapotsa sei kuzviona? Handizive.

175 Kuyerera zvichipinda mumachechi edu ese, kwese-kwese. Chingozvitarisai, mumaitiro echimanjemanje. "Mhombwe yakare nevanasikana," yaZvakazarurwa 17, ichipa kune vanhu "varombo, mapofu, vane nhamo" dzidziso yayo yebhaibheri inopesana neShoko raMwari. "Zvino vakaona mairi mweya yenhapwa, varume nevakadzi vanobva—vanobva kwese-kwese." Panzvimbo pekukwezva vanhu . . .

176 Kristu anosimbisa Shoko raKe, rinokwezva vanhu. HaAkwezvi vanhu kumachechi vanokwezvwa nemasangano makuru nezviito zvikuru, nekuenderera kukuru nezvinhu zvinoyevedza. Asi Shoko raMwari rinokwezva Mwenga waKristu.

177 Zvino cherechedzai. Zvinoshamisa ku—kucherechedza kuti—kuti chechi inoedza sei kukwezva meso evanhu nehanzu dzakanaka nemakwaya akashongedzwa, nevakadzi vakagerwa musoro nezviso zvakapendwa. Zvino vanofunga . . . Zvino voimba seNgirozi. Vonyepa sedhimoni, vomhanya-mhanya usiku hwese sekudhanzi, hapana zvavanofunga nezvazvo. Uye ndizvo zvavanofunga, "Zvakangonaka. Zvakaisvonaka." Asi, munoona, kugadzirwa kwenhema. Handiro Shoko raMwari.

178 Zvakadaro, Mwenga wechokwadi unokwezva meso aMwari, nekuchengeta Shoko raVo. Zvino cherechedzai. Zvino ngaticherechedzei Kristu.

179 Unoti, "Zvakanaka, zvino, chimbomira kweminiti, chiiko runako rwamuri kutaura pamusoro parwo?"

180 Bhaibheri rakataura, muna Isaya 53:2, kuti, Jesu paakauya, "Pakanga pasina runako paAri, rwekuti taingaMushuvira." Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Hapana runako. Dai Akauya nerunako rwenyika, sezviri Satani nhasi, vanhu vangadai vakaMuunganira nekuMugamuchira nenzira yavanoita chechi nhasi. Vangadai vakaMutenda, vakaMugamuchira, sezvavanoita Satani nhasi. Zvirokwazvo,

vaidaro. Asi haAna kuuya nemhando yerunako irworwo, asi Anogara achiuya murunako rwehunhu. Paya, Kristu aisava Murume ane runako, akakura, akasimba, akagwinya. Mwari havasarudze mhando iyoyo.

181 Ndinorangarira imwe nguva muprofita akakwidza ku—kunotora mambo, kuzotora mambo kubva pamwanakomana waJesse, kuti azotora chinzvimbo chemumwe mambo, Sauro. Saka zvino Jesse akamuunzira, mukomana wake muhombe, mukuru, akaisvonaka. Akati, "Korona inozoratidzika zvakanaka, pamusoro wake."

182 Muprofita akaenda kunodururа mafuta paari. Akati, "Mwari vamuramba." Zvino Vakaramba mumwe nemumwe wavo vese, kusvikira akatouya kune mumwe muchinda mudiki, wakare ane mapendekete akakombama, akatsvukuruka. Zvino akadururа mafuta paari, akati iye, "Mwari vamusarudza." Maona? Tinosarudza nemeso. Mwari vanosarudza nehunhu.

183 Hunhu, hapana kumbobvira pava nehunhu sehwaJesu Kristu. Hunorarama mauri uye hunoratidzira iYe. Tinoona kuti ichokwadi. Harusi runako rwenyika rwaKe runokwezva Mwenga waKe. Hunhu hwaKe, hunhu hweKereke, hunotariswa naJesu; kwete uko kune zvivakwa zvakakura, kune masangano makuru, kune nhengo dzakawanda. Akavimbisa kusangana panoungana vaviri kana vatatu pamwe chete. Zvokwadi. Ndipo apo mutendi wechokwadi anozemberesa tariro yake, pamusoro peShoko iroro raMwari richisimbiswa muChokwadi, ndizvo zvazviri. Kusarudza neShoko raKe, kwete boka rinoda zvenyika. Vanovenga izvozvo.

184 Hazvishamise sei akarambwa ndokubva kwaAri, nokuti akapotsa chizaruro chaKe, uye haanacho. Haana basa naye, mazvibatiro ake nezvaanoita, kana kuti ane zvinhu zvenyika zvakawanda sei.

185 Ari kutsvaga hunhu hwake, hunhu hwaKristu. Zvino, kwechinguvana zvino. Ndizvozvo. Anosarudza Mwenga kuti aratidzire hunhu hwaKe, zvinova kereke zhinji dzechimanjemanje dzanhasi zvirokwazvo dzinopotsa hurongwa hwaKe—hwaKe pano, nemamaera miriyoni, nokuti vanoramba *iZvi* kuva Chokwadi. Saka zvinozodaro sei? Zvino, Ari kutarisira zuva iro Mwenga iwoyo uchazoumbika, vaHebheru 13:8, chaizvoizvo sezvaRaiva, sezvaAiva. Inofanira kuva nyama yaKe imwe cheteyo, mapfupa mamwe chete, Mweya mumwe chete, zvese zvimwe chete, zvakangonyatsa kuvakika, zvino vaviri ivavo vanova mumwe. Kusvikira chechi yava izvozvo, havasi mumwe chete. Hunhu hwaiYe, Shoko, remuzera rino, hunofanira kuumbika. Inofanira kuumbika sezvaAri.

186 Zvino, mukuvhara, ndinoda kuti chikonzero sei ndataura zvinhu izvi, zvino ndobva—ndobva ndavhara. Umwe usiku, dzingaita three o'clock mangwanani, ndakamutswa.

187 Ndinoda kuti chero ani wenyu zvake apindure izvi. Ndakambokuudzai chimwe chinhu here muZita raJehovha kunze kwezvinenge zviri izvo? Zvagara zviri izvo. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Saka ndibatsireiwo, Mwari vanoziva kuti ichokwadi. Hapana munhu, kupi zvako panyika, pazviuru zvezvinhu zvakataurwa, paAkambopotsa shoko rimwe chete razvo. Nguva dzose zvakagara zvichiitika zvakananga.

188 Kunyange kusvika pandaiva kuPhoenix, rimwe zuva, kana kuti ringaita gore rapfuura, ndikakuudzai pamusoro peMharidzo iya ye—ye*Madzichangamire, INguvai?* Zvino ndakakuudzai, "Ngirozi nomwe dzaizosangana neni kumusoro uko," uye zvova kuzarurwa kweZvisimbiso izvi, nezvimwe. Zvino ipapo ma—magazine re*Life* raiva nenyaya yacho, Rimi guru iri richienda mudenga, mamera makumi matatu kuenda mudenga, rakafara mamaera makumi maviri nemanomwe. Vakati vaisagona kuona kuti chaiva chii; havasati vave kuziva. Zvino varume vakagara muchivakwa chino manheru ano, vaiva vakamira ipapo chaipo neni pazvakaitika, chaizvoizvo sekutaura kwaRakaita. Vakandiudza zvinhu zvakanga zviri kuzoitika, ndokuitika saizvozvo. Mazarukiro akaita chimwe nechimwe cheZvisimbiso zviya, ndokutaura zvakavanzika zvaiva zvakavanzwa mumazera ese evavandudzi nevakadaro, zvakanyatsonanga.

189 Kuti, ndakamira pamusoro pechikomo, varume, vatatu kana vana vavo vakamira pano varipo iye zvino, hongu, kutopfuura ivavo. Ndichikwidza gomo, Mweya Mutsvene ukati, "Nhonga dombo iro." Taivhima. Ukati, "Rikandire mudenga, uti, 'ZVANZI NAJEHOVHA.'" Ndakadaro. Kudzika kubva ikoko kwakauya kachamupupuri. Ndikati, "Mumaawa makumi maviri nemana, muchaona ruoko rwaMwari." Varume vakagara ipo pano chaipo.

190 Zuva rakatevera, nenguva dzingaita ten o'clock, ndakamirapo, ndikati, "Gadzirirai. Endai pasi pemota apo," gamba. Ndikati, "Pane chiri kuda kuitika." Matenga aiva akachena, kumusoro chaiko mumukaha mukuru. Kwakadzika Moto sechamupupuri kubva Kudenga, nekudanidzira kwese kwaWaigona, wakarova madziro seizvi. Nda—ndaiva ndakamira pasi paWo chaipo. Ndakabvisa nguwani yangu, ndokumisa musoro wangu. Wakasvika mafiti angaita matatu kana mana pamusoro pangu, ndokuchera mugero pamadziro iwayo seizvozvo, ndokuputika. Ndokudzokera mudenga, ndokutenderera zvakare, ukadzika, katatu, wakatocheka kunyange kumusoro kwezvikwenzi zvemupfuti, kusvika mayadhi mazana maviri. Muri kunzwa machinda aya ari kuti, "Ameni"? Vaivapo pazvakaitika, munoona, ndokuita kuputika kutatu.

191 Pavakazobuda kubva pasi pemotokari nezvese, vakadzoka, vakati, "Dai zvanga zvakurovai, pangadai pasina panzvimbo pane mafuta."

192 Ndikati, "Vanga—Vanga vari iVo. Vanga vachitaura neni." Mwari vanotaura nemuchamupupuri. Maona? Zvino hapo paiva neShongwe yeMoto imwe chete yamunoona pamufananidzo, yakamira apo.

Zvino paWakakwira mudenga, vakati, "Chii?"

Ndikati, "Kutongwa kuri kuzorova kuWest Coast."

193 Zuva rechipiri kubva ipapo, Alaska yakaita seichanyura. Maona? Yakarova kamwe, paya, kurova kwekutanga.

194 Paya, paunofanira kuita chimwe chinhu, kuti uchifananidzire. Semumwe murume akaisa munyu muchirongo, ndokuukandira mumvura, akati, "ZVANZI NAJEHOVHA, ngakuve nemvura inotapira." Uye pamwe pacho, Jesu akatora mvura akaidururira mugate, ndo—ndokugadzira hwaini kubva mairi.

195 Unofanira kuva nechimwe chinhu, kuti uzvifananidzire. Ndizvo zviya zvazvaiva, iro rakaenda mudenga ndokudzika. Ndizvo zvakatanga kachamupupuri kaya. Mukati memaawa makumi maviri nemana, Chakazunguza gomo riya kusvikira chacheka mugero wakaripoteredza.

196 Rev. VaBlair vagere pano, ndakanyatsovatarisa zvino, vaivako vakanhonga mamwe ezvidimbu zvacho, nezvakadaro. Hepano pana Terry Sothman, vamwe, vakamira pano, naBilly Paul. Nehama, vamwe vazhinji vavo vakagara muno, vaivapo chaipo vachiona zvichiitika paChakaribvarura.

197 Haisi ngano. Ichokwadi. Haasi kare mumazuva eBhaibheri. Ndezva zvino. Maona? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Mwari mumwe chete akagara achindiratidza zvinhu izvi, uye zvikaitika, chaizvo izvo kusvika pavara rese. Hazvina kumbokundika nguva imwe chete. Zvino ndiri kudada naYe.

198 Masvondo mashoma apfuura, ndaiva muchiratidzo. Zvino ndaiva ndakamira pane nzi—nzvimbo yakakwirira mudenga, zvino ndaiva ndiri kuzoona kufanoratidzwa kweKereke. Zvino ndakacherechedza, kubva kune kwangu. . . Ndaiva ndakamira zvakaita se*zvizvi*, ndakatarisa kuMadokero. Zvino kuchiuya nenzira *iyi* kwaiva neboka rakaisvonaka remadzimai, aiva akanyatsopfeka zvakanaka, vhudzi rakareba rakagadzirwa zvakanaka kumashure, maoko ehembe, nemarokwe akadzika zvakanaka. Zvino vese vaifamba murusambo rwekufora, se, "Handei mberi, masoja eChikristu, achifora seari pahondo, vaine muchinjikwa waJesu uchienda mberi." Zvino pavaipfuura, ndakamira, uye paiva neChimwe chinhu ipapo, mumwe Mweya, waiva Mwari, zvikanzi, "Heuyo Mwenga." Ndakatarisa, uye moyo wangu wakafara. Zvino akapotera ne*uku*, ndokupfuura nekuseri kwangu.

199 Mushure mechinguva, paakange ava kudzoka ne*uku*, Wakati, "Zvino chechi yechimanjemanje yava kuuya

kuzofanoonekwa." Zvino heino chechi yekuAsia yakauya. Handisati ndamboona boka rinonyadzisa zvakadaro.

200 Hapo pakauya mamwe machechi, venyika dzakasiyana-siyana. Vairatidzika zvakaipisisa.

201 Zvino ndi—ndiri kutaura izvo nokuti ndakasungirwa kutaura chokwadi, pamberi paMwari. Zvino paVakati, "Heino chechi yekuAmerica zvino, kuti izofanoonekwa." Kana ndakamboona boka remadhimoni, ndizvo zvayaiva. Madzimai iwayo aiva akashama, aine chinhu chinoratidzika kuva chipfumbu, chine ruvara rwedehwe renzou. Zvino vainge vakachibata pamberi pavo, pasina chepamusoro zvachose. Zvino vaiita mhando yezvinhu zvese, izvo, madhanzi aya—aya anoitwa nevana ava kunze uko, zvekumonyoroka nezvakadaro, nemhando yemumhanzi iwoyo uchirira. Uye pandakaona Muzvare U.S.A. achiuya, ndakapotsa ndafenda.

202 Zvino, iyi IZVANZI NAJEHOVHA. Kana muchinditenda kuva muranda waVo, nditendei iye zvino. Handaimbozvitaurira chii zvacho panyika. Hapana mari yakakwana panyika ingambondiita kuti nditaure izvozvo dai zvanga zvisiri chokwadi.

203 Zvino paakapfuura nepo, aiva chinhu chinonyadzisa zvikuru chandati ndamboona. Ndakafunga, "Mwari, nekuparidza kwakasimba uko vaparidzi nesu hama kwatakashingaira kuKuwanirai Mwenga, zvino ndizvo zvakanakisa zvatakwanisa kuita." Aizvonyongoka, akabata *ichi* pamberi pake, seimwe yemarokwe ehula, akachibata pamberi penhengo dzake, nhengo dzekuzasi, se*izvi*, achidhanza nekuzvonyongoka sezvinoitwa nevana ava kunze uko apo . . . pazvionwa izvi zvinonyadzisira zvavainazvo, vachizvonyongoka. Ndiye aiva Muzvare Chikristu wekuAmerica.

204 Saka ndibatsirei, nebetsero yaMwari, ndiwo maratidzikire azvinoita pameso aVo. Ini—ini ndakango . . . Ndakatanga . . . Ndingadai ndakafenda. Ndakafunga, "Kuedza kwese, nekuparidza, nekugombedzera?" Mumwe nemumwe wavo aive nevhudzi rakagerwa, uye vaimonyoroka nekuenderera, vakabata *ichi* pamberi. Vakauya, pandaiva ndakamira neMunhu wemweya uyu. Ndaisagona kuMuona. NdaiMunzwa achitaura neni; aiva akandikomberedza. Asi pavakatendeuka nenzira *iyi*, vaibata *ichi*. Uye vachingozvonyongoka nekuseka nokuenda mberi, vachienderera saizvozvo, vakabata *ichi* pamberi pavo.

205 Zvino, ini ndakamira muHupo hwaKe ipapo, uye muranda waKe. "Uye pane zvese zvandakaedza, ndizvo zvakanakisa zvandakakwanisa kuita?" Ndakafunga, "Mwari, zvakandibatsira chii? Zvakabatsira chii? Kuchema kwese, kukumbira, nekugombedzera, nezviratidzo nezvishamiso neminana zvikuru zvaMakaratidza. Zvino ndaimira sei paya, ndoenda kumba ndochema mushure mekuvaparidzira

nezvimwe, zvino zvinondibatsirei? Zvino ndozova ndinounza chinhu chakaita seichochi kwaMuri, seMwenga?"

206 Zvino pandakanga ndakamira ipapo, ndakatarisa, akapfuura. Uye munogona kufunga kumashure kwake, kusina chinhu, akabata *ichi* pamberi pake paaienda achizvonyongoka, saizvozvo, pakumonyoroka uku, achikandira maoko ake kunze saizvozvo. Zvino, iye, oh, zvainyadzisira, maitiro aaiita, mutumbi wake uchitamba-tamba saizvozvo. Zvino ini . . .

207 Unoti, "Zvinorevei, Hama Branham?" Handizive. Ndiri kungokuudzai chete zvandakaona.

208 Zvino paakapfuura neipapo saizvozvo, ndakamutarisa. Oh, ndakangonyatsopera simba. Ndakangotendeuka. Ndikafunga, "Mwari, ndiri kupomerwa. Ha—hapana chikonzero chekuti ndichiedza zvimwe zvino. Ndingatosva ndangoregedza."

209 Mai Carl Williams, kana makagara muno, uye hope dziya dzamakandiudza pamusoro padzo, nguva pfupi yapfuura, dzamakava nadzo pane umwe usiku uya, dzaikunetsai, hedzinoi. Mudhiraivho wabviswa muruoko rwangu zvino.

210 Zvadaro, ndakangofunga, "Ndi—nditongosva ndarega hangu." Ndaiva ndapererwa.

211 Zvadaro, kamwe-kamwe, ndakaUnzwa uchidzoka zvakare. Zvino kubva nekurutivi *uku* kwakauya Mwenga mumwe chete uya wanga wamboenda ne*uko*. Hapo pakauya madzimai maduku zvakare, uye mumwe nemumwe wavo aiva akapfeka hanzu dzekunyika kwavaibva, seSwitzerland, Germany, nezvakadaro, mumwe nemumwe akapfeka mhando iyoyo yehanzu, vese vaine vhudzi refu, vangori chaizvoizvo seuya wepakutanga. Zvino hapo vaiuya, vachifamba. "Handei mberi, masoja eChikristu, achifora seari pahondo." Zvino vese pavakanga vapfuura nepanzvimbo yokufanoonekwa pataiva takamira, kamwekamwe, maziso ese akatarisa ikoko. Zvino ndokubva vatendeuka, ndokuenda mberi, vachifora.

212 Zvino pavakanga votanga kukwira vachienda muchadenga, mumwe uya akaenda pamucheto pegomo ndokudzika, se*izvi*.

213 Ava vakatanga kufora vakananga chaimo muchadenga. Zvino pavakatanga kufora, ndakacherechedza vasikana vashoma vaiva kumashure, vairatidzika kunge musikana wekune imwe nyika, seSweden kana Switzerland, kana kumwewo kunhu. Vakatanga kutarisa-tarisa, ndoku . . . Ndikati, "Musadaro! Musabva mumutsara!" Pandakadaidzira saizvozvo, ndakapepuka, muchiratidzo, ndakamira paya ruoko rwangu rwakatambanuka se*izvi*. Ndakafunga, "Zvakanaka . . . "

214 Ndicho chikonzero ndataura zvandataura, manheru ano. Ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Nguva yaswedera kupfuura zvatiri kufunga here? Angadai here atodanwa nekusarudzwa,

atosimbiswa? Panenge pasina mumwe anowedzerwa, munoziva. Zvinokwanisika here? Oh, hongu. Oh, hongu.

215 Rangarirai zvandakataura, rimwe zuva pasvusvuro yamangwanani. Pamukume wekuberekesana kwemukono nehadzi, pane zvizenga mirioni zvinobuda, mazai mirioni anobuda. Asi panongova nerimwe chete bedzi rinorarama, uye, zvakadaro, ese akangofanana: rimwe chete kubva mumiriyoni. Rimwe nerimwe rawo, zai rimwe chete nemhando imwe chete yechizenga. Rimwe rawo rinorarama. Mamwe ese anofa.

216 Hapana anogona kutaura kuti nderipi zai rakaibva, uye, oh, chii pamusoro pazvo. Mwari ndivo vanosarudza izvozvo, kuti achava mukomana kana musikana, ane vhudzi chena kana rebhurauni, kana chero zvarichava. Mwari vanosarudza izvozvo. Hachisi chekutanga chinosangana, asi chekutanga chakasarudzwa naMwari. Zvichida chimwe chinouya kumusoro *uku*, uye chimwe . . . Kana makambocherechedza, muchubhu yekunzvera, kuzviona zvichiuya pamwe chete. Ndakazviona. Mwari ndivo vanofanira kuzvisarudza. Chimwe chete, chimwe nechimwe chazvo, zvakangofanana, asi nekusarudzwa. Kuberekwa kwepanyama kunouya nekusarudzwa. Mwari vanotora mumwe chete kubva mumiriyoni.

217 Israeri payakabuda muEgipita, munzira yavo kuenda kunyika yechipikirwa, vaiva vanhu vangaite mamirioni maviri. Mumwe nemumwe wavo aiva pasi pegwayana rimwe chete rechibairo, kana kuti havaizomborarama. Mumwe nemumwe waivo aiteerera Mosesi, muprofita. Mumwe nemumwe wavo akabhabhatidzwa kwaari, muGungwa Dzvuku. Mumwe nemumwe wavo akatamba, madzimai naMiriami, achikwidza nekudzika parutivi (paya) pemhenderekedzo dzegungwa, Mwari pavakaparadza muvengi. Mumwe nemumwe wavo akamira naMosesi, vakamunzwa achiimba muMweya. Ivo, vose, vakadya mana murenje, yaidonha kubva Kudenga. Mana itsva, usiku hwega-hwega, unova mufananidzo weMharidzo, mumwe nemumwe wavo akadya kubva pairi. Asi, kubva mumamiriyoni maviri, vangani vakasvika? Vaviri. Mumwe chete kubva mumiriyoni.

218 Pane Makristu vangaita mamiriyoni mazana mashanu panyika manheru ano, tichiverengera Katorike nevese. Mamiriyoni mazana mashanu evanonzi vatendi panyika. Kana Kubvutwa kwaiuya manheru ano, zvaizoreva kuti . . . kana mumwe chete kubva mumiriyoni kwaiva kuverengwa kwacho. Handisi kuti ndizvo zvazviri. Asi kuti dai zvaiva zvakadaro, vanhu mazana mashanu, mumaawa makumi maviri nemana anotevera, vangadai vasiri kuonekwa. Hawaimbonzwa nezvazvo. Panenge paine vakawanda kudaro vanenge vachishaikwa, zvakadaro, vasingazivikanwe kwavari.

219 Saka zvinogona kudaro, kuitika kwatiri, shamwari, sezvazvakaita pakauya Johane Mubhabhatidzi. Kunyange vadzidzi vakati, "Sei Magwaro akati, sei va—vaapostora kana vaporofita vachiti, sei zvichinzi Eria anofanira kuuya kutanga kuzodzoreredza zvinhu zvese?"

220 Iye akati, "Ndinoti kwamuri Eria wakatouya kare, asi hamuna kuzviziva."

221 Rimwe remazuva ano tinogona kusara takagara pano, "Ko Kubvutwa matambudziko asati auya?"

"Kwakatouya asi hamuna kumbozviziva."

222 Mutumbi wese, wasimbiswa, vachingoUchengeta uri mumutsara. Handisi kuti ndizvo zvazviri. Ndinotarisira kuti handizvo zvazviri. Asi, shamwari, kana zvikarega . . .

223 Kana tiine manzwiro mumoyo medu, manheru ano, kuti tinofanira kugadzirisa hupenyu hwedu, nezvimwe zvinhu zvatakaita, regai ndikurairei, sehama mushumairi. Ndiri kuzotaura izvi kekutanga, papurupiti. Ndarebesa manheru ano, pane *Izvi*, kupfuura pane zvimwe zvese, nguva ipi zvayo, nenzira ipi, pamberi peruzhinji, nokuti ndakava nerusununguko rwakakura pamisangano ino. Kana muchinditenda kuva muprofita waMwari, imi teererai kune zvandakuudzai. Kana paine kamanzwiro kadiki mumoyo mako, iwe enda kuna Mwari iye zvino. Zviite.

224 Mirai kweminiti, varume. Tarisai zvitendwa zvenyu—zvenyu zvamunoshumira. Tarisai machechi enyu. Ndizvo here zviri Shoko raMwari? Makaita zvese zvinodiwa here? Unoti, "Ndiri murume akanaka." Ndizvo zvaivawo Nikodhimo, uye ndizvo zvaivawo vamwe vese. Ivo—ivo vaiva vakanaka. Maona? Izvozvo hazvinei nechekuita naZvo.

225 Uye, vakadzi, ndinoda kuti mutarise muchiringiriro, mutarise pane zvinodiwa naMwari kuti zvive zvinoitwa nemudzimai. Mutarise muchiringiriro chaMwari, kwete muchiringiriro chechechi yako zvino, muchiringiriro chaMwari; uone kana uchikodzera, muhupenyu hwako, Mwenga wepamweya waJesu Kristu.

226 Vashumairi, fungai zvimwe chete. Unodimburira makona *apa* here, kuti uchengetedze manzwiro emumwe munhu mhiri uko? Ungaita *izvi* here dai zvanga zvisiri . . .uye vanozokudzinga muchechi? Kana uri kunzwa zvakadaro, hama yangu inodikanwa, rega ndikuyambire, nemuZita raJesu Kristu, tiza kubva kunaizvozvo iye zvino.

227 Zvino, mudzimai, kana usingakwanise kuzviyera kusvika pane zvinodiwa paMukristu, kwete seMukristu wezita; asi mumoyo mako, uye hupenyu hwako hwakafananidzwa chaizvo sezvinotaurwa negwaro remuchato raMwari pano kuti ndizvo zvaunofanira kuva.

228 Zvino, nhengo yechechi, kana chechi yako isina kudaro, kukwanisa kusvika pane zvinodiwa naMwari zveShoko raVo, buda mairi upinde munaKristu.

229 Kuyambira kwakaperera. Hatizive nguva, uye hauzive nguva, iyo guta rino rimwe zuva richange rakarara kunze uko pasi penyanza.

230 "Oh, Kapernaumi," Jesu wakadaro, "iwe wakazvisimudzira mudenga, uchadzikiswa kupinda mugehena. Nokuti, dai mabasa makuru akaitwa muSodhoma neGomora, ingadai yakamira nhasi uno." Zvino Sodhoma, Gomora zviri pasi peGungwa Rakafa. Uye Kapernaumi iri pasi pegungwa.

231 Iwe guta, unozviti guta reNgirozi, wakazvisimudzira kusvika mudenga, ukatumira tsvina dzese, nezvinhu zvetsvina zvefashoni nezvimwe, kusvikira kunyange nyika dzekunze dzinouya kuzotora tsvina dzedu vozvitumidzira, kuchechi dzako dzakanaka nezvivakwa zvakareba, nezvakadaro, nemaitiro ako. Rangarira, rimwe zuva uchange wakarara pasi pegungwa, mhango huru dziri pasi pako iye zvino. Hasha dzaMwari dziri kuvira pasi pako chaipo. Vacharamba vakabata murwi wejecha uyu kwenguva yakareba zvakadini? Apo, nyanza mhiri uko, yakadzika kwemaera, ichayerera kupinda imomo, kudzoka kusvika kuSalton Sea. Zvichange zvakaipa kudarika zuva rekupedzisira rePompeii. Tendeuka, Los Angeles.

232 Tendeukai, imi mese, mutarise kuna Mwari. Nguva yehasha dzaVo yave panyika. Tizai pachiine nguva yekutiza, pindai muna Kristu.

Ngatinamatei.

233 Mwari vanodikanwa, apo, mumweya wangu, uri kudedera, moyo wangu uri kuyeredza misodzi yeyambiro. Tenderai, O Mwari, kuti varume nemadzimai havazofunga zvandataura sekuti idambe, uye vanhu vemachechi vasafunge kuti rwanga ruri ruvengo kana kupesana navo. Dai vaona, Ishe, zviri murudo.

234 Munondipupurira, Mwari Samasimba, kuti kukwidza nekudzika mahombekombe aya ndakafamba, gore negore, ndichiparidza Shoko reNyu. Ndipupurirei, O Mwari, kana zvikaitika manheru ano, kuti ndakataura Chokwadi. Munoziva kuti chiratidzo ichi cheMwenga iChokwadi. Ndakatora Zita reNyu nacho, Ishe, ndikati yanga iri ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino ndinonzwa kuti ndine ruzivo, Ishe, rwezvandiri kuita.

235 Saka ndinoKukumbirai, Ishe, nemuZita raJesu, tenderai vanhu vazvizunguze, manheru ano, votiza hasha dziri kuuya, nokuti Ikabhodhi yakanyorwa pamikova nepamusoro pendudzi. Munembo wechidzvanga chitema chaiswa pairi. Mweya warwadziswa kubva pairi, uye vayerwa muchikero vakawanikwa vasina kufanira. Mutambo waMambo Nebhukadhinezari wadzokororwa zvakare, nemapati

ekudhakwa nevakadzi vasina kusimira zvakakwana, vachizviti Makristu.

236 O Mwari weKudenga, ivai nenyasha pamusoro penyika ine zvivi nevanhu vane zvivi, Ishe, sezvatiri manheru ano. Mwari, ndiri kuedza kumira pamukaha nekukumbira ngoni dzaMwari, kuti Mugotaura kuungano ino manheru ano nekudana Mwenga wenyu kuti upepuke, Ishe, kuti vafore kwete nechiratidzo chechitendwa chipi zvacho, asi neruzha rweEvhangeri yaTenzi Jesu Kristu. Zviitei, O Mwari. Ngazvizivikanwe, manheru ano, kuti Muri Mwari, uye Shoko reNyu iChokwadi. Apo, mukuperera, pamberi pevanhu ava, tinovadana pakuchechuka kuShoko reNyu.

237 NemuZita raJesu Kristu, ndinovanamatira, Ishe. VaKuonai, pasina kana kupokana, muchifamba nemuzvaunga zvavo muchivaudza zviri mumoyo wavo. Uye Munoziva, Ishe, kuti, iye zvino, chii chiri kuitika. Munozviziva kuti iChokwadi, O Mwari. Zvino ndinoKukumbirai, nemuZita raJesu, itai kuti Mweya Mutsvene ureverere zvakare, Ishe, utore kubva muungano ino, Ishe, avo vakanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana. Zviitei, O Mwari. Ndinonamata nemoyo wangu wese.

238 Vanhu ava, pane zvemazuva ese, Ishe, vaitondipa kobiri rekupedzisira ravainge vainaro, kutsigira Mharidzo. Vaitoita chero chinhu chavanokwanisa. Asi, O Mwari, kana zvasvika pakufambirana naYo, nekupinda maIri, ndinonamata, Mwari, kuti uno ndiwo usiku hwaMuchavapa mubairo uye mudurure Mweya weNyu Mutsvene pamusangano uno. Zvino dai pakasava nekutamba nekusvetuka-svetuka, asi kuungudza nekuchema, nekutendeuka, nokubatirira panyanga dzeartari, patinenge tichiona kutongwa kuchikunguruka nepasi pedu, manheru ano. Zviitei, Mwari. Ndinonamata nekuperera kwese kwandinoziva, nemuZita raJesu Kristu.

239 Hama yangu, hanzvadzi, ini—ini handizive chimwezve chekutaura, kana ndawanirwa nyasha pameso penyu, nesimba raMwari, kana muchinditenda kuva muprofita waVo. Aka ndiko kekutanga paruzhinji pandambotaura izvi. Asi ndiri kunzwa kuyambirwa kusinganzwisisike neimwe nzira. Handiwanze kudaro. Munozviziva kuti handidaro. Handiite muitiro wakadai. Ndazeza kutaura Mharidzo iyoyi nekutaura zvinhu izvozvo. Ndatizira kumativi nezvimwe zvese, kuitira kuti ndisazviite. Asi Zvataurwa, uye Zvichamira neZuva reKutongwa, sechapupu chekuti ndakutaurirai Chokwadi. IZVANZI NAJEHOVHA MWARI!. . .?. . .

240 Oh, Pentekosti, tiza nehupenyu hwako. Tizira kunyanga dzeartari udanidzire, usati wanonoka, nekuti nguva ichasvika apo uchadanidzira asi hapana zvazvichabatsira. Nokuti Esau akatsvaka nzvimbo, yehudangwe hwake, asi akaishaiwa. Ndinokumikidza iwe, oh, California. Oh, musangano weFull

Gospel Business Men, vandinoda, avo vandakasiya nekubatirira, nemoyo wangu wese, ndinokukumikidzai kuna Jesu Kristu, manheru ano. Tizirai kwaAri! Musamborega dhiyabhorosi achikutonhodzai kubva paZviri. Nyatsogarai naRo kusvikira imi, mese, mazadzwa neMweya Mutsvene, kusvikira, pekuti zvichakuitai kuti muuye kuShoko iri, richaita kuti imi madzimai mutwasuke, richaita kuti imi varume mutwasuke. Kana uchiti une Mweya Mutsvene, asi usingafambirane neShoko, mumwe mweya uri mauri. Mweya waMwari uri paShoko raVo, huMhesiya, Shoko rakazodzwa. Mwenga unofanira kuva Mhesiya mudiki, Shoko rakazodzwa.

241 Ngatisimukei netsoka dzedu, nemuZita raJesu Kristu. Kana mukasambonzwa inzwi rangu zvakare. . . Asi, Mwari vachitendera, ndiri kuenda kuAfrica, mumaawa mashoma. Ndinogona kusadzoka zvekare. Handizive. Asi ndinokuudzai, nemoyo wangu wese, ndakuudzai Chokwadi. Handina kumbonyara kukuudzai zvese zvandaudzwa naMwari kuti nditaure. Zvino ndaZvitaura nemuZita raJehovha.

242 Inguva yekuperera. Handizive kuti ndozviratidzira sei. Ndaedza kubva papurupiti katatu kana kana, uye handisi kugona kuzviita. Ino inguva yekuperera. Musambozvikanganwa. Ino ndiyo nguva iyo, zvichida, Mwari vanogona kunge vari kuita kudana kwaVo kwekupedzisira. Handizive. Vachaita kudana kwaVo kwekupedzisira, rimwe zuva. Riini? Handizive. Asi ndiri kukuudzai, maererano nechiratidzo chiya, zviri kuita sekunge Mwenga uya wava kukwana.

243 Tarisai kereke yekunze iri kuuya. Kana mhandara yakavata yotsvaka Mafuta, yakatadza kuAwana. Mwenga wakapinda mukati. Kubvutwa kwaenda kudenga. "Pavakange vaenda kunotenga Mafuta, Chikomba chakauya."

244 Makavata here? Mukai, nekukurumidza, pepukai. Zvino ngatinamatei, mumwe nemumwe, sekunge tave kufa paminiti ino chaiyo, nemuZita raJehovha. Ngatinamatei, mumwe nemumwe, nenzira yako.

245 Mwari Samasimba, tinzwireiwo ngoni. Ishe, ndinzwireiwo ngoni. Ivai nengoni kwatiri tese. Zvingabatsirei, hazvina basa kuti taitei, kana tikakundika pazvinhu izvi? Ndinomira ndichikumbira ngoni, O Mwari, guta guru rino risati ranyura pasi pegungwa nekutonga kwaMwari kwatsvaira mahombekombe ano. Ndinonamata, Mwari, kuti Mugodana Mwenga weNyu. Ndinovakumikidza kwaMuri zvino, nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

KUSARUDZWA KWEMWENGA SHO65-0429E
(The Choosing Of A Bride)

Mharidzo iyi naHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu neChina manheru, 29 Kubvumbi, 1965, pagungano reFull Gospel Business Men's Fellowship International kuBiltmore Hotel muLos Angeles, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org